630	<p>Nek ngeteniku njenengan rasa mboten ta bu? <u>Aku yo kadang tak rasa tapi nek tak rasa ngko lara, nek lara kan ra iso golek pangan, wes mumet wae istilahe sedino rong ndino anakku sing makani sopo sing ngekek'i duit? Sekolah, madang ngumbahi.</u> Nek ibu ku yo ra penak to dek, istilahe ndedel entuk rong puluh, selawe cukup nggo madang nek mbak WL nganti lara kan kepikiran beban. Aku yo beban ta, anakku yo beban ta? Wes luweh, nek tak roso tak pikir-pikir meneh ki nek lara. Lara saiki angel tambane nek amit-amit mlebu rumah sakit sing tak nggo mbayar opo. Nek lara sedino rong ndino wes, <u>nek aku ono sing ngelokke</u></p>	Sudah kebal Jatuh sakit merasakan komentar
640		Tidak peduli komentar

650	<p><u>mbak WL ngono ra tak roso dek, luweh biasa wong kene wes kebal ket mbiyen. Nek tak roso ra kuat, ra iso nggedhekke anak, nek aku ming tak nggo ndablek luweh, sing penting mangan ra njaluk kono. Aku ki wes kebal karo wong kene, pedomane mangan golek dewe ra njaluk kono, kecuali kono le ngunekke kebangetan langsung tak sauri dek. Seandainya wingi ora kumpulan wong akeh langsung tak sauri tak lokke “koe ngopo’e mbak nek ngelokke aku, mbok ngelokke kae sing wong sugih-sugih , nek karo aku sentimen banget”. Tapi nek wong okeh banget nak ra penak ta dek tak nganu ta.</u></p>	Sudah kebal
660	<p>Tiyang riki nggih biasa, kula nggih sok kena kok bu? Ho’o, nak aku tak nggo cuek ket mbiyen-mbiyen tapi nek wong sugih mono haaa... dimundung-mundung, wong kene ki ket mbiyen. Lha biasa, koyo mbak WL “Waah, bu haji ameh nandi?” <u>mbak WL biasa ne nggo kathok semene kerep ta? Trus kudungan arep ngaji. “Waduuh, bajingan arep ngaji” “ho’o arep ngaji’e” hhehhee. Biasa, aku nek kok kudungan terus ra iso, biasa brutal ngene ki.</u></p>	Menerima tanggapan negatif
670	<p>Jane mbak WL ki tau omonge nyeplos, tau mbak WL trus gering seminggu, tau ok mbak wal pas pengajian buka bersama kae lho. Teng mesjid nika? Ho’o, mbak WL dinganu sopo yo “Wah, mbak WL saiki koyo bu haji” “ho’oe, yo latihan”. Langsung lara seminggu mbak WL ki nggo kudung nek rung siap emoh aku. Hhehhee.</p>	
680	<p>Niatke riyen nggih? Ho’o, angel nggo kudung ki. Nek istilahe nggo kudung, ora nganu koe yo dek, nek ming kudungan ki iso tapi cangkem, kuping, mata ho’o ta? Kedua nek ra suci-suci tenan, nek arep kudungan yo kudu suci tenan, siap lahir batin ta dek? <u>Nek nggo kudung lambe ku ijeh nglawer ngene podo wae ta mung nggo kudung tok, topeng.</u></p>	Tidak mau berjilbab
690	<p>Nggeh nutupi rambut, Naahh. Iso aku dek prupu istilahe kaya njenengan, prupute iso tapi nek lambene iseh ngene mendingan sing rusak wae. Hhehhee. Ho’o ora dek, ora nganu lho tapi ho’o ora? Nggih, mboten nopo-nopo. Emang sak niki</p>	

700	<p>kathah sin ngeteniku. Ho'o ora, ning aku mending sing rusak wae. Nggih, timbang sing rapet tapi nek ngomong nggih . He'em.. <u>asss luweh sing penting ki sing Kuasa, aku sambate karo sing Kuasa dek tak gowo, bener ora dek? Nah.. mbak WL barang sholat rung tertib, nek sambat barang karo Gusti Allah, sing istilahe rejeki, jodoh maut kan Gusti Allah sing ngatur.</u> Wong ngono kui sing mbales Gusti Allah istilahe mbak WL digawe ngene iki kan sing gawe sing Kuasa wes intine ming siji, nyadari mbak WL wong ra ndue sing keloro ngene-ngene kui nek wong sugih mungsuhe ming karo duit. Nek mbak WL pasrah karo karo sing gawe duit</p>	Yang penting Tuhan. Mengeluh pada Tuhan.
710	<p>Lha ning nek niku bu, njenengan rasane mpun nrima nopo sok rasane enten sing ngganjel nopo pripun kalih kondisine ngeteniki ? <u>Yo istilahe kadang yo nyesel, kok ngene ki mbanjur karo Gusti Allah ra adil aku ra kek'i jodho-jodho ora nganu padahal aku wong wes bodho kadang yo sok nyesel kok berat tapi istilahe ming ujian sementara ngko kuat opo ora. Ojo meneh nek ndelok wong sempurna ngono kae, iri mbak WL asline kepengen opo yo istilahe terus terang wae ndue pacar mbak WL ki pengen nikah tapi ngko nek berantakan yo podho wae. Yo ono sing ngarepke mbak WL tapi aku yo wedi soale ngko nek aku rung siap ho'o ta dek? Rung siap malah berantakan, aduhh.. mending jalani opo onone ndisik, yo wes ngerti posisine.</u></p>	Merasa Allah tidak adil. Iri melihat orang lain.
720	<p>Lha nek AN nika kan mpun ngertos nggeh bu? He'em.. Sok maringi saran nopo sok mburu-mburu njenengan kon pripun nopo mboten? <u>Anu dek ngekek'i saran kon ati-ati.</u> Kan nek wong lanang sakiki ming manis dibibir rung ngerti belange kon njalani wae sikik ora langsung kesusu. Emang wo'e ngebet arep ndue bojo aku. <u>Yo aku yo mikir anak'e butuh bapak njaga ojo nganti dinganu uwong ono sing nglindungi</u> tapi dek'e nyaranke kon ati-ati wae. <u>Yo bener nyaranke alon-alon golek bojo timbang yo de'e butuh kasih sayang bapak</u></p>	Belum siap menikah.
730	<p>Lha nek AN nika kan mpun ngertos nggeh bu? He'em.. Sok maringi saran nopo sok mburu-mburu njenengan kon pripun nopo mboten? <u>Anu dek ngekek'i saran kon ati-ati.</u> Kan nek wong lanang sakiki ming manis dibibir rung ngerti belange kon njalani wae sikik ora langsung kesusu. Emang wo'e ngebet arep ndue bojo aku. <u>Yo aku yo mikir anak'e butuh bapak njaga ojo nganti dinganu uwong ono sing nglindungi</u> tapi dek'e nyaranke kon ati-ati wae. <u>Yo bener nyaranke alon-alon golek bojo timbang yo de'e butuh kasih sayang bapak</u></p>	Diberi saran anak.
740	<p>Lha nek AN nika kan mpun ngertos nggeh bu? He'em.. Sok maringi saran nopo sok mburu-mburu njenengan kon pripun nopo mboten? <u>Anu dek ngekek'i saran kon ati-ati.</u> Kan nek wong lanang sakiki ming manis dibibir rung ngerti belange kon njalani wae sikik ora langsung kesusu. Emang wo'e ngebet arep ndue bojo aku. <u>Yo aku yo mikir anak'e butuh bapak njaga ojo nganti dinganu uwong ono sing nglindungi</u> tapi dek'e nyaranke kon ati-ati wae. <u>Yo bener nyaranke alon-alon golek bojo timbang yo de'e butuh kasih sayang bapak</u></p>	Anaknya butuh kasih sayang bapak. Anaknya butuh kasih sayang orangtua.

750	<p><u>karo ibu'e yo ngerti dek'e ning nyaranke ati-ati wae.</u></p> <p>Dadi nggen masalah niku njenengan mpun mboten enten beban nggih bu, wong putrane ngerti pun maringi saran.</p> <p>Kan wes dewasa ta dek, yo ngerti. <u>Wes ra ono beban aku dek</u>, istilahe ndue pacar “masalah kui ibu ati-ati wae” nek wong lanangkan biasa ta dek kon ngati-ati, dek'e wes ngerti. Dolan bareng barang wes ra ono bebane.</p> <p>Anak'e wes ngertikan mpu enteng.</p> <p><u>Ho'o, nek ketemuan ki tak jak kan daripada aku ming dewe kan ra penak.</u> Kan istilahe nek wong do pacaran anak'e kan didelikke, nak aku tak jak iatilahe ben merasakan seneng istilahe madang mbuh opo istilahe iso kenalan. Haa ho'o ngono kui. Wingi tak jak yo mangan bareng yo wes biasa-biasa ra penak nek aku ming dewe, kan aku ndue anak, kelingan nek aku setengahe mangan enak “wah anakku ngopo yo, mangan opo yo?”. <u>Aku ngono kui dek, wong aku mau istilahe entuk nasi dus tak go bali kok tak kekke anakku.</u></p>	<p>Tidak ada beban</p> <p>.</p>
760	<p>Padahal anak'e mpun gedhe-gedhe nggih bu?</p> <p>He'em.. kepikiran aku wong istilahe mangan tempe, wah kelingan aku. Liyane kan do tegel, ra iso aku dek. Nasi dus padahal wes ket mau jam wolu aku bali jam papat po piro yo let dilit koe mau njut teka, takkekke ra tegel aku wes ket biyen kebiasaan wes ket mbiyen entuk nasi dus mesti tak gowo bali.</p> <p>Mpun magrib ta? Nek ngobrol nggih mboten krasa.</p> <p>Ho'o soale mbak WL ngekeki wektu yo sore. Hheehhe.</p> <p>Nggih mpun bu mbenjang malih mawon, suwun nggih.</p>	<p>Mengajak anak bertemu pacar.</p>
770	<p>Mpun magrib ta? Nek ngobrol nggih mboten krasa.</p> <p>Ho'o soale mbak WL ngekeki wektu yo sore. Hheehhe.</p> <p>Nggih mpun bu mbenjang malih mawon, suwun nggih.</p>	<p>Terpikir anak jika mendapat makanan.</p>
780	<p>Iyo dek.</p>	

Pengelompokan Frase Bermakna Wawancara dan Observasi
Key Informan WL mengenai Upaya Pembentukan Identitas Sosial
pada *Unwed Mother*

Frase Bermakna		Sumber
19 November taun 1975.	19 November 1975	W1/WL b 8
Aaa, ming tekan SD dek, SMP ra lulus.	SMP tidak lulus	W1/WL b 19
Yo kepentok masalah biaya barang to dek mbiyen ki	Terbentur biaya	W1/WL b 23-24
Empat.	Empat bersaudara.	W1/WL b 27
Nomer telu.	Anak ke tiga.	W1/WL b 29
Ra ono sing tak jak sambat paling ming ibu, kui ming kadang-kadang paling ming tak ndem dewe ngonono dek.	Mengeluh pada ibu atau dipendam	W1/WL b 62-65
Ra ono sing cerak aku karo sedulur-sedulurku.	Tidak dekat dengan saudara	W1/WL b 65-66
Sambat ki males ibarate ra iso mandiri. Iso le mandiri tapikan sedulur ku podho le do susah	Tidak bisa mandiri	W1/WL b 73-76
Yo meng masalah opo nek masalah pribadi ku dewe aku ra tau crita dek.	Tidak cerita masalah pribadi	W1/WL b 82-84
aku kan saiki nek masalah pribadi istilahe aku ndue crita nang uwong kan ndak kebeberan ta dek	Nanti kebeberan.	W1/WL b 87-89
Mbak WL ki entuk bantuan seko Jakarta keluarga PKH kui lho dek.	Bantuan PKH dari Jakarta.	W1/WL b 96-97
Jamane Unug SD opo SMP yo.	Jaman anak pertama SD.	W1/WL b 112
Telung sasi pisan.	Tiga bulan sekali.	W1/WL b 121
Nek seko kampung ki malah blas ra tau entuk opo-opo	Tidak ada bantuan dari kampung.	W1/WL b 139-140
aku ki yo bersyukur lah mbak WL ki sing penting paringi sehat	Bersyukur atas kesehatan.	W1/WL b 141-143
Istilahe nek mbak WL kan ra ono sing nggolekke, nak gaji pokok kan sing nggo tiap hari kan ra ono mbak	Tidak ada yang mencarikan nafkah.	W1/WL b 157-162

WL kan nek ngumbahi langsung mbayar		
Di tawani pabrik po opo ki wegah mbak WL kan ra iso ngopeni anak ra iso ngopeni omah	Tidak mau kerja dipabrik.	W1/WL b 166-168
Yo komunikasi biasa, yo apik.	Komunikasi baik.	W1/WL b 180
Tapi nek mbak WL sambat keluh kesahe ra tau blas, istilahe tak adepi dewe ngono.	Masalah dihadapi sendiri.	W1/WL b 180-182
nek crita masalah pribadi ki mbak WL wedi mbak WL ki. Ngko mbak WL crita ngene-ngene paling yo ngko nek wong'e iso nyimpen, nek ora?	Takut cerita masalah pribadi.	W1/WL b 189-193
Kan mbak WL istilahe wong'e wes tercemar to dek, wes elek, males mbak WL ndue masalah ki.	Merasa sudah tercemar.	W1/WL b 193-195
Paling yo karo AN	Cerita pada anak.	W1/WL b 206-207
Yo tak kenalke, iki pacar ku. Karuan karo anak'e dewe ta timbang karo wong liya, wong liya rung mesti pinter nyimpen	Mengenalkan pacar pada anak.	W1/WL b 218-221
Aku ndue anak ki umur piro yo, kelas loro.	Memiliki anak kelas 2 SMP.	W1/WL b 226-227
Paling yo lagi sekitar 14san mbak WL ndue anak.	14 tahun punya anak.	W1/WL b 229-230
Ari ki umur'e 15 saiki dek, yo brarti sekitar 5nan.	Selisih usia anak 5tahun.	W1/WL b 234-235
Yo aruh-aruh tapi nek jenenge ngekek'i opo ki ra tau, kan ngeti dewe dek tangga kene ki. Nek ora ndue ora tau di nganu ta, ojo meneh kaya aku	Menyapa tetangga meski tak dibantu	W1/WL b 256-259
Lebih dari itu aku ra wani, angel kene opo meneh ming abab tok mbak WL nggo mbayar opo meneh duit, Ra tau utang gedhe-gedhe ra wani mbak WL.	Tidak berani cari pinjaman.	W1/WL b 263-266
mbiyen kan akrab banget ta? Mbak WL ndue pacar	Dulu akrab sekarang agak jauh.	W1/WL b 293-296

masalah iki ngeti, saiki rada adoh soalekan anak'e wes mulai sekolah kan dek?		
Yo nyaranke, nyaranke nek dadi wong ki ngene ki nek ndue bojo ndue pacar ojo ngono yo nyaranke.	Diberi saran teman.	W1/WL b 311-314
Owh, dasawisma karo RT.	Ikuti dasawisma.	W1/WL b 321
Yo nek aku sih arang aku dek	Jarang berpendapat.	W1/WL b 337-338
kadang ngumbahi tok nyetlika tok, jlong nyetlika ra rutin ngono.	Bekerja mencuci dan menyetrika.	W1/WL b 359-361
Ra ono dek, tandangi dewe	Pekerjaan dikerjakan sendiri.	W1/WL b 391-392
Yo nek uang makan ndi sing ono karo ibukku dek, nek listrik yo patungan.	Uang makan gantian dengan ibu, Patungan membayar listrik	W1/WL b 437-439
Yo paling karo ibu ku dek, he'em. Kui paling masalah opo, nek masalah pribadi ku aku tak rampungi dewe istilah'e aku ndue masalah karo wong yo tak rampungi karo wong'e sisan ngono kui.	Masalah pribadi diselesaikan sendiri.	W1/WL b 493-497
Kadang tak nggo sholat, sambat opo. hhehhee.. nek dongdong sok pengen sholat, hhee.	Mengeluh saat sholat.	W1/WL b 503-505
Terus terang aku wong'e rada brutal tapi jujur waelah. Hhee.. Timbangan kebak dosa, wes kebak dosane kebak dosa meneh waahh.	Merasa dirinya brutal Merasa penuh dosa.	W1/WL b 520-522
Nek seko niat ku dewe ngono ra ketang sholat ming bolong-bolong, dari pada terpaksa ho'o ra dek? Dari pada terpaksa sholat kepeksa percuma kan ? wong ngaji we terpaksa percuma kok.	Sholat jika niat.	W1/WL b 525-529
Kadang sok tak printah kadang sok. Yo ra tak peksa dari pada tak nganu yo	Menyuruh anak ke masjid.	W1/WL b 536-540

uwes, kae kan kesadarane dewe-dewe to dek.		
Ahh, kerep banget dek mbak WL ki. Koe ngerti dewe to dek nek mbak WL pakeane urakan.	Mendapat tanggapan negatif.	W1/WL b 571-573
aku ngono padahal syawalan aku dek, kumpul wong kanca SMP kui lho, reuni lho nang pangukan kono.	Tetangga berprasangka negatif.	W1/WL b 607-610
Tak nggo lueh, cuek, karang tangga-tangga mutusi ya Allah.. ben	Cuek tetangga menghakimi.	W1/WL b 626-627
Tapi wes cuek wes kebal aku wes luweh.	Sudah kebal	W1/WL b 632-633
Aku yo kadang tak rasa tapi nek tak rasa ngko lara, nek lara kan ra iso golek pangan, wes mumet wae istilahe sedino rong ndino anakku sing makani sopo sing ngekek'i duit	Jatuh sakit merasakan komentar	W1/WL b 636-639
Nek tak roso ra kuat, ra iso nggedhekke anak, nek aku ming tak nggo ndablek luweh, sing penting mangan ra njaluk kono.	Tidak peduli komentar	W1/WL b 649-651
Aku ki wes kebal karo wong kene	Sudah kebal	W1/WL b 653-654
mbak WL biasa ne nggo kathok semene kerep ta? Trus kudungan arep ngaji. "Waduuh, bajingan arep ngaji"	Menerima tanggapan negatif	W1/WL b 669-671
Nek nggo kudung lambe ku ijeh nglawer ngene podu wae ta mung nggo kudung tok, topeng.	Tidak mau berjilbab	W1/WL b 688-690
ass luweh sing penting ki sing Kuasa, aku sambate karo sing Kuasa dek tak gowo,. sing istilahe rejeki, jodoh maut kan Gusti Allah sing ngatur.	Yang penting Tuhan. Mengeluh pada Tuhan.	W1/WL b 701-706
Yo istilahe kadang yo nyesel, kok ngene ki mbanjur karo Gusti Allah ra	Merasa Allah tidak adil.	W1/WL b 717-722

adil aku ra kek'i jodho-jodho ora nganu padahal aku wong wes bodho kadang yo sok nyesel kok berat tapi istilaha ming ujian sementara ngko kuat opo ora.		
Ojo meneh nek ndelok wong sempurna ngono kae, iri mbak WL	Iri melihat orang lain.	W1/WL b 722-723
asline kepengen opo yo istilaha terus terang wae ndue pacar mbak WL ki pengen nikah tapi ngko nek berantakan yo podho wae.	Belum siap menikah.	W1/WL b 723-726
Anu dek ngekek'i saran kon ati-ati.	Diberi saran anak.	W1/WL b 736
Yo aku yo mikir anak'e butuh bapak njaga ojo nganti dinguwong ono sing nglindungi	Anaknya butuh bapak.	W1/WL b 740-742
yo de'e butuh kasih sayang bapak karo ibu'e yo ngerti	Anaknya butuh kasih sayang orangtua.	W1/WL b 743-744
Wes ra ono beban aku dek,	Tidak ada beban	W1/WL b 750-751
Ho'o, nek ketemuan ki tak jak kan daripada aku ming dewe kan ra penak	Mengajak anak bertemu pacar.	W1/WL b 756-757
Aku ngono kui dek, wong aku mau istilaha entuk nasi dus tak go bali kok tak kekke anakku.	Terpikir anak jika mendapat makanan.	W1/WL b 765-767

**VERBATIM WAWANCARA DENGAN INFORMAN
(KEY INFORMAN)**

Nama : WL
 Usia : 39 Tahun
 Alamat : Kutu Asem
 Pekerjaan : Buruh cuci
 Pendidikan : SMP
 Hari/Tanggal Wawancara : Rabu, 12 November 2014
 Waktu : 18.00 WIB
 Lokasi Wawancara : Rumah Informan
 Tujuan Wawancara : Menggali Informasi Kehidupan Informan WL
 Wawancara Ke- : 2
 Kode Wawancara : W2/WL

Baris	Verbatim	Tema
1	<p>Kula nuwun bu, nembe nanggung mboten nggih? Ora dek iki mau lagi teturon, kebablasen turu. Owh nembe istirahat, nopo mbenjang mawon bu? Saiki wae dek rapopo, mesakne le wira-wiri. Kene mlebu. Teng ngajengan mawon bu, mboten nopo-nopo riku nembe nggeh istirahat ta?</p>	
10	<p>Owh yo wes, tapi nggone kongene. Njih, mboten nopo-nopo kok bu. Hmm,, nek sak niki kesibukane ibu sanese nyambut damel nopo bu ? Yo ming nganggur dek, ra ono gawean liyane. Ming ngumbahi sepi yo ming nggosok, paling yo ming rongsokkan paling siji loro tak kumpulke, entuk botol siji tak go bali po opo ngono lo dek. <u>Sepi sakiki mbangane mbiyen ngumbahi, sak iki sepi lo dek,</u> aku nek kon</p>	Sepi pekerjaan.
20	<p>ngumbahi udan-udan ngene icak-icik yo wegah. Ho.o paling yo ming ngumbahi nggosok nggone seminggu ping pindo ping telu dadi ra koyo mbiyen meneh sepi ngono. <u>Paling yo ming golek rongsokkan, entuk gendul siji loro tak gowo bali tak lumpukne ngko nek wes nganu.</u> Nggih, lumayan nggih tambah-tambah.. Nggo tambah-tambah ta donge sepi ngene lo dek, ibarate limang ewu po sepuluh ewu lumayan lah. Sak iki nyatane sing golek rongsokkan okeh banget ta dek awan esuk</p>	Cari barang bekas.
30		

	<p>mbengi. Kathah nggihan. Tapi yo lumayan hasile gedhe ta? Nek sing penting ra isin wae. Nggih, nek niku mancen. Ho.o wes ta ? ning malah sing do ndue nganu. Sing penting tak lumpukke tak gowo bali. Sing penting aku ki saiki rada hmmm... opo rada sepi ra koyo mbiyen ngono kui lho deki aku. Ngko seminggu paling ping pindo ping telu, paling yo entu seket satus, paling yo kerep le nganggur yo podho wae. <u>Tapi wes yo rapopolah syukuri, entuk stitik tak syukuri entuk akeh tak syukuri. Hla piye meneh, hhaa.</u></p>	
40	<p>Nggih.. hha.. Arep nggresula, nggresula piye ho'o ta. Istilahe lagi dikek'i rejeki, sepi rejeki ta deki? Nek rame yo nganti ra iso nandangi.</p>	Tetap bersyukur.
50	<p>Owh nggih ngantos rame-rame barang nggih enten? Ho.o. Nganti sedino ping telu ping papat ping pindo nganti ra iso nandangi kewalahan ta? Nek dikeki sepi yo kui mau nandangi seminggu ping pindo ping telu uwis ngono kui. AN sak niki nyambut damel nggih bu ?</p>	
60	<p>Yo wingi nyambut damel sedino, nyambut gawe nandi ra dong aku deki. Dijak HD cerak Kosmo kui lho, ngusungi batako mindah konblok kok batako mindah konblok, menyang jam wolu jam rolas wes bali, yo ming sedino kui tok mau. Paling ngko nek ono gawean diundang meneh, wes luweh tak sekarep ngko tak kandani nek urung karepe nak angel to deki?</p>	
70	<p>Nggih. Ngko umpamane nek dek'e wes krentek atine arep nyambut gawe yo nyambut gawe, nek urung yo mbok aku nganti lambe ku gambleh yo ho.o ta? Sing penting ki ora neko-neko wae ora. Nyambut gawe suk nak gelem nak yo nyambut gawe. Hla nek njenengan mawon bu, nek ngandani AN niku ket cilik nopo kerep dikandani nggih ben bocahe ngerti dewe ? Yo ketuk cilik tak didik ngono kae, "ngrumangsani anak'e wong ra ndue koe ojo nganti tangan mu dowo. <u>Ojo nggawe ibu mu</u></p>	Jangan seperti ibunya.

80	<p><u>elek istilahe ibumu wes elek koe ojo ngasi elek nek iso ki ojo ngasi, sesuk ki koe dadi cah nggenah”</u> yo ngono kui. Yo nganti seprene tak kandani dek yo istilahe mbok nganti gedhe’o koyo ngopo yo iseh tetep tak kandani. Yo jenenge wong tuo kan wedi ta nek nganti anak, istilahe <u>wong aku kene wes elek ngko anakku melu elek yo wes ngono ta dek.</u> Wedine nek salah pergaulan barang kui</p>	Tak mau ditiru anaknya.
90	<p>istilahe wong sugih ibarate gampang iso jikuk nggo det ya, nah aku ? opo ? <u>Jenenge wong nek sing seneng karo sing ora ki akeh sing ora seneng ta dek?</u> “Wha apek koe, bener koe mbok mu koyo ngono koe yo mesti melu-melu kongono wong mbokne ra apik” kongono ta dek, mbokne elek wes mesti anak’e elek. Kongono kan mesti ana ta? <u>Nek iso ki ojo nganti aku, sing elek tetep ben mbokmu wae, koe iso apik ngono. Bocah loro tak kandani kabeh.</u></p>	Banyak orang tidak suka. Jangan seperti ibunya.
100	<p>Nek ket alit njenengan kan ndidik ket alit kiyambak ngantos gedhene sak monteniku, nek ngandan-ngandani nopo carane ndidik njenengan pripun bu? Yoo.. istilahe nek bar linguhan ngene lo dek, istilahe santai-santai ngene tak kandani yo istilahe koe ndue masalah opo yo curhat yo aku ndue masalah, <u>yo istilahe anakku tak anggep kaya sahabat.</u></p>	Anak sebagai sahabat.
110	<p>Hmm.. Ho.o kan apik ta dek? Istilahe kono ibarate arep ndue pacar, aku yo nek ndue pacar ki sing nggenah ojo sikik ngko nyambut gawe. Sok lek sing jenenge pacar gampang, <u>nek iso sak belum’e koe ndue pacar ben ibu ndisik. Pacar nek iso ki ibu mu sesuk ndue bapak sing anu kan aku yo ndue. Sak jane aku yo ndue, anak ku yo ngerti nek aku yo ndue, yo ngerti, maklum tapi ati-ati bu ojo balen meneh koyo aku meneh.</u> Ora mungkin AN, aku yo mikir, <u>koe asline yo ndue bapak ming ora bareng wae. Wong Condongcatur, ming bedo agama wes perselisihan ket AN cilik, wong condong catur kui omahe bojo ku. Asline ki ndue aku ming sing urung ngerti ngertine ra ndue, padahal ndue aku ki ming bedo agama. Mbak PJ kui sing ngerti, ra percaya tekono.</u></p>	Punya pacar dulu.
120	<p><u>aku meneh.</u> Ora mungkin AN, aku yo mikir, <u>koe asline yo ndue bapak ming ora bareng wae. Wong Condongcatur, ming bedo agama wes perselisihan ket AN cilik, wong condong catur kui omahe bojo ku. Asline ki ndue aku ming sing urung ngerti ngertine ra ndue, padahal ndue aku ki ming bedo agama. Mbak PJ kui sing ngerti, ra percaya tekono.</u></p>	Anaknya maklum Beda agama.

130	<p>PJ... Kene ki, mbak PJ ngerti bapakne anak ku si AN. Wes nek koe ra percoyo takono pak Dukuh, bu RT, Pak RY, Mas RD, KJ do ngerti nek anakku ndue bapak. <u>Tapi nek sing ra ngerti dikiro aku lonthe, bojo ku wong ndalanan.</u> Padahal sing ngerti, ngerti mbiyen ki bapakne Inug moro jamane omah ku iseh gedhek, cilikane Inug umur setaun ketuk bayi lah kerep tak jak ming bedo agama aku wegah. Mbok istilahe dek agama tak taruhke, <u>ibarate aku kon milih koe ndue bojo, ndue</u></p>	Dianggap pelacur.
140	<p><u>bojo karo ora ndue bojo tapi agamamu malih koe milih ndi? Aku milih ra ndue bojo, abot agama biarpun aku tekonku elek istilahe koyo lonthe koyo pelacur,</u> agama mbok istilahe kon malih agama mbok trimo ora mending ra ndue bojo. Tak lakoni seprene ra ndue bojo, ra tau sholat tetep agama tak yakini wegah nek kon malih. <u>Mbiyen kon malih, penak nek ndue bojo tapi kan akhire kan murtad,</u> ho.o ta dek?</p>	Memilih agama.
150	<p>Kan nek kono gelem malih agama Islam nak malah apik, tapi nek aku kon milih ndue bojo karo ora aku milih ra ndue bojo, abot agama. Abot agama terus terang, <u>mbok istilahe nganti tak lakoni nek aku kon pindah agama matipun aku tidak mau, tetep Islam, pedomanku ngono kui kuat aku.</u> Lek wong-wong “ming kon malih agama we ben anakmu iso diakoni we angel”, “aku ra seneng kok, trimo aku ra ndue bojo”. Iyo bener ora dek? Trimo ra ndue bojo, wes luweh sing kuoso, nek kon malih agama</p>	Tidak mau murtad.
160	<p>ngko ndue bojo trimo aku ra ndue bojo aku. <u>Jodho rejeki mati sing nganu Gusti Allah, bener ora dek?</u> Nggih.. Aku nek kon malih agama emoh, trimo ra ndue. Sing ra ngerti dikiro aku ra ndue bojo padahal ndue, wes do ngerti. <u>Nek sakiki tak nengke wae wong arep do nggombleh arep wes luweh wisan.</u></p>	Tidak mau pindah agama.
170	<p>Lha niku bu sing mutuske, njenengan kan mboten purun pindah agama nggih bu? He'em. Trus sing mempengaruhi, enten sing mempengaruhi nopo niku namung kepengenane kiyambak mawon? <u>Ora, seko ati ku dewe dek.</u> Aku ket mbiyen ki</p>	Semua diatur Allah.
		Didiamkan saja.
		Dari hati.

180	<p>pedomane agamane Islam nek kon malih manut kui emoh, ben'ne. Seko atiku dewe. Umpamane nek aku ki wong gampang, istilahe koe ndue bojo yo kon malih mbok istilahe tak ijoli duit semene “emoh” , trimo ra ndue duit aku. Seko atiku ket mbiyen nek aku kon malih agama emoh dek. Mbiyen ki pacarku akeh, tapi kebanyakan Katholik, Kristen ngono kui. Sing Islam ki arang kok dek. <u>Kui jamane aku iseh SD karo SMP sing nyenengi akeh banget, trus isoo kecelakaan yo merga kui, trus entuk Katholik kui.</u></p>	Hamil duluan.
190	<p>Owhh... <u>Omahe Condongcatur perumahan Condongcatur kuingalor stiti wes tekan, omahe nomer loro.</u> Sing ngerti ki mbak AK, sing tak momong. Lha kui ki tau tak jak nang omahe bojo ku, ming ping pisan. Ndisik kan dek'e ra percaya, ya percaya tapi kan ijeh ragu-ragu ngono.</p>	Pasangan di Concat.
200	<p>Nggih, kurang yakin. <u>Ho'o, kurang yakin. Mbak, aku ki sing jenenge ndue anak mbak ojo nganti ra ndue bojo, yo men saiki dianggep pelacur, lonthe.</u> <u>Tapi lek aku ndue anak ojo nganti ra ndue lanangan,</u> nek koe ra percaya suk koe kapan-kapan tak duduhi. Pernah aku nganti ngomong “mbok ngko aku ngapusi iso ketabrak trek opo bis” wani aku, aku nganti nyeplos ngono lo mbak, dek. Aku muni ngene ki aku wegah nek salah, wedi aku nek ngucap. Bener ora dek, sumpah ketabrak bis, nek wong ngapusi kelakon mbuh sakiki mbuh sesok iso kelakon.</p>	Jangan sampai tidak punya pasangan.
210	<p>Sing pentingkan aku bener, aku ra wedi nyatane ho'o tak duduhi. Tak duduhi omahe bojo ku yo sederhana sing pentingkan ndue omah, ketemu mbokne. Trus percaya dek “aku ojo nganti mbak ndue anak ora ndue bojo”, <u>cuman siji aku ra iso nikah, nek wong ngertine aku lonthe.</u> Padahal ora, koe ngerti dewe ta mbokku. Jamane anak'e iseh cilik iseh nyusoni tak jak ndono, wegah aku nek dikiro ngapusi dikiro ndobos. <u>Istilahe wong sopo wae aku dikiro ngapusi yo sakiki tak</u></p>	Dianggap pelacur.
220	<p><u>tantang tak jak ndono,</u> ojo disebut aku si Wal nek aku ora ngono kui. Yo tak duduhi nek wong do nakoni aku. Mbokne ora pangling karo aku “koe nak si WL ta “, “iyo bu” ora</p>	Siap memberitahu.

	<p>pangling nganti seprene. Njenengan iseh sok mrika bu akhir-akhir niki?</p>	
230	<p>Ora tau blas, <u>aku nek ngejak AN lola-laline nek ngejak, ngerti omahe kono ki ngejak bolo trus ditawur.</u> Aku wedine kui yo tak jogo ki. Dadi njenengan nek mrika nggih meneng-meneng mboten sanjang kalih...</p>	Takut ngeroyok.
240	<p>Yo.. aku nek saiki males dek, aku bojoku kan saiki ngontrak ta melu sing wedok, aku urung ngerti alamate sing Klaten padahal wes dikeki alamate. <u>Lek ndono lek ra ketemu bojoku percuma malah ketemu sing wedok.</u> Wes tak rewangi istilahe ngebis seket yo, pulang balik seket ora ketemu karo bojoku istilahe ming alah kui sing wedok gur ngono. Hhuhuhu. Sing wedok ki uelik tua, gur mbiyen ki tak dohi, mbuh luweh lah mbuh sakiki rupane kaya opo ra dong. Mboten nate ketemu, berarti mpun dangu mboten nate ketemu ?</p>	Percuma tidak ketemu.
250	<p>Ora ketemu blas karo bojo ku, wong sakiki rupane koyo opo ra ngerti aku, ora teu ketemu blas dek terus terang. <u>Aku nek kon ndono emoh, neng Condongcatur we sakiki arang wegah adoh'e ming ketemu ibuku terus.</u> Aku kon moro Klaten? Emoh, ono alamate barang kok. Njenengan kalih ibu'e niku, bapak'e Inug nek ketemu nggih sae-sae mawon ta bu?</p>	Tidak mau ke Concat.
260	<p>Yo jeh apik, biasa. <u>Jane kepengen weruh anakku kon ninggal, tapi nek tak duduhi lek ra beres po opo lek aku wedine lek dek'e misuh-misuh trus ngamuk pas neng kono kan.</u> Ho'o ta wedine aku nek ngisruh, gilane kui, terus terang AN ki yo ngerti kono, <u>nek bayine kerep ndono dek'e.</u> Dadi nggih namung pas alite tok?</p>	Takut anaknya ngamuk.
270	<p>He'em., <u>lek saplok'e gedhe ki urung tau ndono,</u> nek tak gowo ndono sing tak jogo satu, ngko nek dek'e wes ngerti omahe trus ngejak kancane trus nggruduk gur kui lho sing tak wedeni. Wong kan ra ngerti, ngerti-ngerti "buk aku mau seko Condongcatur, kono tak obrak-abrik" po ra modyar, kasus aku. <u>Yo ta dek aku njogo istilahe aku mesakne anakku pengen weruh mbahne yo pengen weruh tapi ming tak jogo siji aku ki, kui ngko nek</u></p>	Sering kesana waktu bayi. Setelah dewasa belum pernah Menjaga kedamaian.

	<p><u>nggruduk trus gawe kisruh neng kono aku rak ciloko.</u></p> <p>Nek pas AN sanjang pengen mrika, njenengan le ngereh-reh pripun?</p> <p>Yo <u>“rasah AN, sesuk nek mangsane Gusti Allah nemokke koe karo bapak mu sok ra ketang suk liya dino</u> aku ming ngono dek.</p>	
280	<p>Koe ming pengen nganuta weruh mbah mu karo weruh bapak mu ta? Koe ra mungkin weruh, bapakmu neng Klaten. Klaten we rung ngerti nggone nek koe ngerti alamate moro rung mesti ketemu, percumah” aku ngono. “koe ngerti omahe Condongcatur?” , “yo ngerti, tapi terke yo buk?” , “ngerti AN, gelem koe ndono?” , “Ngko nek wes ngerti ming tak ndono tak nggruduk”. Haaa uwis ta, ming ra sido. Aku njaga kui dek, aku njaga istilahe wong ra ndue, istilahe ngerti kono ra ngerti,</p>	Besok pasti ketemu.
290	<p>ngerti-ngerti “aku wes seko kono, kono tak obrak-abrik” waduh, lak ciloko kasus. “wa putu mantuku koyo ngene” parani mrene.</p> <p>Mrika ngertos mriki?</p> <p>Uwiss..</p> <p>Brarti mpun nate mriki bu?</p>	
300	<p>Yo lek ibu ku urung, tapi sik liya kan kerep trus nek ndenekan gampang ta dek, Kutu Asem goleki ngene ki ass rangansi sak menit te wes ketemu ta, waduh malah dieret-eret alaahh.. perkoro koyo ngono mbok uwis lah. Wes seprene ki AN ki ra tau ndono, wonge wes leli wes dilalekke. Asline lali ki ora tapi untunge ra tau takon. Aku wedi sing tak jogo kui, ndak ora polisi, jenenge cah enom ta? Ngko nak mesti emosi kui.</p> <p>Lha njenengan le pisah kalih bapakne AN niku, AN umur pinten bu? Maksud’e mpun milai mboten kontak ngoten?</p>	
310	<p>Yoo... yo umur piro yo, <u>patang tahunan</u>lah.</p> <p>Owh, sekawan.</p> <p>Ijeh cilik, <u>soale opo dek, kono ngoyak-oyak nikahi aku tapi aku sing ra gelem, ibukku sing ra gelem soale opo? Kon malih agama, mbok trima ora.</u></p> <p>Owh, dadi ibu’e njenengan nggih mboten setuju?</p> <p>Ora, ora setuju. <u>Nek setuju aku wes nikah wingi-wingi jaman AN iseh cilik ta dek? Aku emoh, trus nganti kono ndue bojo meneh,</u></p>	<p>Lepas kontak.</p> <p>Dikejar menikah.</p> <p>Sudah menikah.</p>

320	<p>kono gelem wes luweh, trima ora, wegah aku. Istilahe aku ndue pacar iseh ndue aku, tapikan tak ati-ati, <u>golek sing seiman kui lho dek, istilahe ngerti posisi, ngerti keadaan aku wes ndue anak loro ngene-ngene.</u> Jenenge wong lanang kan yo ra gelem ta dek?</p>	Mencari pasangan pengertian.
330	<p>Nggih.. Nek umpamane gelemkan gampang ta dek, <u>tapi aku njaga resiko kan belum tentu nek wong lanang ki seneng aku gelem nampo akakku kan ngono ta dek?</u></p>	Belum tentu menerima.
340	<p>Nggih, niku sing di jaga. Lha kui sing tak jaga kui, <u>istilahe gelem nampa aku gelem nampa anakku, aku sing tak golekki mung kui dek. Umpamane ming aku, anakmu ora? Hla wees cilaka, sing tak golekke ki anakku udu aku.</u> Yo ono gelem tapi iseh proses sikik, ngko nek kesusu seandainya kono yak-yak trus kedadean “aku seneng awakmu nek anakmu emoh” opo aku ra modar wae istilahe wes terikat.</p>	Mencarikan untuk anaknya.
350	<p>Nggih, mpun terikat mpun. Paling sopolah. Nah.. Aku wes ndue tak akoni wes menjalani tiga bulan, <u>tapi kono nek ngejak nikah ko sek, emoh.</u> Njenengan sing dereng siap, mrikane mpun siap? <u>Durung siap.</u> Ora, aku yo crita, nek cepet-cepet ki aku wedine kui. Dadi di balik udang ta, <u>Unug ki wes ngerti, calon bapane wes dek’ne. Tapi anakku yo rung seneng,</u> istilahe opo yo pendekatan-pendekatan tapikan rung ketok watak asline kan lagi tiga bulan ta?</p>	Tidak mau menikah.
360	<p>Nembe proses.. Lagi proses, AN ki wes ngerti calon bapakne, wes ngerti. Aku meneng wae aku wegah gembar-gembor, yo uwong kene wes do ngerti aku ndue pacar wes do ngerti. Wong wes moro ndene bola-bali.</p>	Belum siap menikah. Sudah tau calon ayah.
360	<p>Owh, mpun nate mriki malahan. Uwis ping papat, <u>aku ora kesusulah, aku sing nolak wegah, lola-laline ngko wes nikah malih</u> “koe melu aku anakmu tinggal ngomah”, waduh wesarep piye istilahe wes nikah arep bubar meneh ora iso ta dek? Iya ta? Aku sing tak pikir kui tak gulung gelar tak nganu tak pikir tenanan. Aku dek, <u>nek iso sekali nikah sak umur hidup, sehidup semati,</u></p>	Tidak terburu. Sekali menikah.

370	<p>ping pisan nek aku iso, koyo mbokku pisan. Istilahe nikah ming siji sak lawase, dadi pedoman nikah ku ngono kui. <u>AN ki wes ngerti, AW yo ngerti.</u></p> <p>AW nggih mpun ngertos bu? Wes ngerti, do dolan salaman karo AN karo AW. <u>Wong Solo, cerak Makam haji, Rumah Sakit Kutoarjo Solo.</u> Yo istilahe terminale Kutoarjo Njombor omahe yo kene ki.</p>	<p>Sudah tau pacar ibunya.</p> <p>Kutoarjo Solo.</p>
380	<p>Owh ya, brarti sami ngeteniki ? Ho'o, ngene ki aku yo wes ngerti nggone, lek AN rung ngerti nggone lek aku uwis. Istilahe <u>aku lek ndue pacar dek, kudu ngerti omahku, aku kudu ngerti kono.</u> Ono ta sing cah wedok gengsi, isin, omahe elek ngene ki, lak nggih ta? Aku lek iso kenal wong lanang dari dulu, omahku elekke kaya opo ki kudu ngerti omahku, aku ngono kui. Wong lanang ki kudu seneng karo aku kudu seneng karo omahku, yo seneng sak enekku. Aku ngono prinsip ku, seneng karo aku lek wong lanang biasane omah ku, biasane nek wong wedok kan nutupi isin ta? Omah ku ket jaman aku iseh prawan, gedhek ki tak tuduhi omah ku dek, emoh aku ngapusi. Isin ngopo ndue omah kok isin ngopo.</p>	<p>Harus saling tahu.</p>
390	<p>Lanjut sing wau nggih bu? Ho,o..</p>	
400	<p>Nika njenengan kontak kalih bapak'e AN kan namung ngantos umur sekawan tahun, nah awal-awale niku pas njenengan pisah kan njenengan mpun milai biaya kiyambak, lha niku terus? <u>Yo seko bayi dek, ceprot biaya dewe.</u></p> <p>Owh... <u>Ketuk bayi indil-indil istilahe umur seminggu tak sambu tak jak kerja dek,</u> istilahe banting tulang anakku ra pisah karo aku. Misale aku ngumbahi dek'e tak jak, kan setaun iso mlaku, nunggu cah kos-kosan dimong cah kos-kosan trus tak tinggal ngumbahi. Kui terus seumpamane aku ngumbahi ibukku ndedel kacang ngko "koe nandi WL" ," Njombor mbok" lokasine ngene-ngene ngko mbok ku ndedel terus nek bar ndedel nyusul. <u>He'em, ketuk bayi dek istilahe bayi umur seminggu tak tinggal kerja anakku dek.</u> Istilahe tak susoni nganti wareg turu terus tak tinggal</p>	<p>Biayai sendiri.</p> <p>Seminggu sudah kerja.</p>
410	<p><u>ketuk bayi dek istilahe bayi umur seminggu tak tinggal kerja anakku dek.</u> Istilahe tak susoni nganti wareg turu terus tak tinggal</p>	<p>Umur seminggu ditinggal bekerja.</p>

420	<p>ngumbai, terus lek misale ibu ku ngekek'i jarang putih nek ra yo opo madu kae lho dek. Sing penting ming jarang putih kui nek mbokku ngono kui, aku angger tak tinggal kerja mesti nyusoni sikik dek. Lha nek ra golek pangan sing ngekek'i duit sopo? Yo ra ono ta dek, <u>mbiyen ki yo rekasa banget aku banting tulang, ket bayi ceprot tak tinggal nyambut gawe. Jamane hamil istilahe hamil sesasi kerja terus nganti nglairke, nglairke ming nganggur seminggu aku dek.</u></p> <p>Seminggu, Owh..</p>	Berat sejak hamil.
430	<p>Seminggu aku dek, nganggur sue-sue ngko le mangan nggo opo, kaya aku dek ra ono sing mbantu ra ono sing ho'o ta? Tak tinggal <u>seminggu wes kerja, seminggu wes ngumbahi rong ember telung ember,</u> wah mbiyen ki yo cah Intan, UGM, wes muter wae aku mbiyen kan yo alhamdulillah kui. Yo istilahe yo iso nabung ra ketang mbuh, jamane det limang ewu kan iseh aji dek duit? Wong cilikane AN ki aku iso nabung limang ewu nang BRI aku mbiyen, <u>seko ideku dewe dek aku nabung ki.</u></p>	Seminggu sudah bekerja.
440	<p>Iso nyekolahke AN barang kui TK nganti seprene SMP, liyane aku po iso dek istilahe ra nganu opo dek. Tk wes mbayar piro mbiyen, piknik ra iso mbayangke ta dek nganti jeneng..</p> <p>Njenengan kiyambak nggih?</p> <p><u>Dewe, ra ono sing mbantu. Lek liyane aku jeneng opo ra ngremehke wong, po iso?</u></p>	Menabung.
450	<p>Istilahe anak loro, ibarate iso nggedekke nek jaman biyen karo sakiki, saiki wae istilahe iso cah loro ngono kui dek nragati SMP nganti alah ya Allah, TK, SD nganti tekan SMP duit wae, wes AN campur AW, ya Allah. Yo jenenge ra sombong yo dek, biarpun sandangan ku olo kongene ki dek, ndue Hp yo ra ketinggalan ndue terus ta?</p> <p>Nggih, gadhah terus.</p> <p>Jenenge koe ngerti dewe watak'e AN kae lho dek istilahe yo ra kalah karo ...</p> <p>Rencang-rencenge.</p>	Tidak dibantu. <i>Sosial comparison</i>
460	<p>Ho'o istilahe ndue, kadang njaluk duit barang kadang malah kelebihan anakku. Nganti do ngene ki, "koe ya Allah mbak WL, kok iso yo" ,"yo alhamdulillah Allah adil ta?". <u>Biar aku ra ndue bojo iso nggedekke anak, mung</u></p>	Tidak punya ayah.

470	<p><u>aku ngono kui. Yo mung cacat ora ndue bapak, aku ngono kui dek aku. Wes luweh jodho rejeki mati Gusti Allah sing ngatur, sing penting percaya wae nek jodho ki mesti ndue mbok nganti sakiki rung dikeki ta dek istilaha.</u></p> <p>Brarti njenengan nggih fokuse nggih ket AN cilik ngantos gedhe nggih namung anak-anak niku nggih bu, kalih pendidikan ?</p>	Percaya pada Tuhan.
480	<p>Lha yo ming anak-anakku, <u>yo rada gedhe yo kepikiran aku dek, yo istilaha iseh enom butuh pendamping trus anakku ono sing do nglindung ta dek. Aku yo mikir jodho agi sakiki nek mbiyen ki ora, mbiyen ki ra ndue bojo mending nggedekke anak-anakku ndisik.</u></p> <p>Kui san anak ku gedhe ngene ki kok lagi mikir, <u>yo butuh dek butuh pendamping ming nek ono opo-opo, keluh kesah'e karo aku yo jenenge uwong ki istilaha ra ndue duit ono sing disambati karo dek'e, ngko ono masalah opo ono sing ngganggu kui istilaha ono sing nggo curhat, ono sing nggo sambatan.</u> Ahh..</p>	<p>Terfikir menikah</p> <p>Sekarang memikirkan jodoh.</p>
490	<p>aku mikire fokus saiki, nek mbiyen ki ra kepikiran. Pikirane ming nggedekke anak, golek duit iso nyekolahke. <u>Fokuse pengen ndue bojo ki semenjak iki menginjak iki, Ojo meneh ndelok lebaran ndelokke wa... rasane kaya nggereng-nggerenga dek istilaha ora sedih tapi atine njerit, ming kui.</u></p> <p>Ketok'e nggih seneng,</p> <p>Tapi atine menjerit, menjerit kui asline, ya Allah aku seprene. Tapi ya Alhamdulillah, istilaha kek'i lara ya ming lara ngene ki.</p> <p>Namung mumet mboten ngantos..</p>	<p>Butuh pendamping.</p> <p>Sekarang ingin punya suami.</p>
500	<p>Paling flu, sing penting iso nyambut gawe .hhih.</p> <p>Paringi sehat mawon,</p> <p>Paringi sehat, bagas waras, paling loro ngene ki. Watukkan biasa ta dek watuk.</p> <p>Nembe musime.</p> <p>Agi musime ta dek? Cuacane kaya ngene.</p> <p>Dadi njenengan niku nyambut damel ket SMP nggih bu?</p> <p>SMP dek, <u>ket jaman durung ndue anak wes kerja aku.</u></p>	<p>Dari dulu sudah kerja.</p>
510	<p>Owh, sekolah nggih nyambi nyambut damel?</p> <p>Nyambi kerja, trus ngeterke TR kae, TR kae</p>	

520	<p>mbyen nak melu aku ta dek ? tak rewangi mbolos ming methuk TR. Tak rewangi mbolos aku sekolah, nek liyane opo gelem dek? Wes ngrekasa anak papat ditambahi anak siji TR kae, po gelem? Gek no mbokne yo ra tau ngirimi blas nganti sprene yo ra nganu ta? Luweh aku, sing Kuasa. Aku mbyen ki opo dek, sekolah tak rewangi mbolos ming ngeterke TR, methuk TR nganti sekolah ku kaco, aku mbyen ki nek ra aku sing methuk ki sopo? Yo ra ono. Aku kerja, aku angere pas jam sepuluh kae anggere pas pelajaran apa kae tak rewangi mbolos ming metuk TR ngebis. Ngebis jamane aku mbyen piro yo, satus, nganti kadang opo dek, ora sangu mlaku aku dek, pulang balek mlaku aku dek. Nek sangoni satus gelo ki, tapikan ijeh aji. Mlaku aku, kadang bali mlaku, menyang mlaku, ngebis sing penting tekan sekolahene TR ngko baline mlaku. Aku ki yo dek ngopeni TR ki ra kurang-kurang. Ho'o.</p>	
530	<p>Ning nggih dados caket nggih kalih njenengan? Yo karo aku yo iseh apiklah, yo istilahe yo luwehlah ra mengharap, ngerti ya syukur ra ngerti yo wes luweh.</p>	
540	<p>Brarti sing ngurus njenengan? Ho'o, yo sing penting gawe apiklah. Lha sedulure dewe yo do ra glem kok, piye sedulure do wegah nduiti karepe mbyen arep dikekke panti asuhan kok. Nek ra mbokne nangis nggereng-nggereng titipke nggonku, ning sakiki po kelingan .. hmhhee.</p>	
550	<p>Tenan, mbyen ki arep dikekke panti asuhan. Mbokne ki yo istilahe po yo aku yo bedo ta, istilahe aku ndue anak tak titipke njenengan misale, mbakyu ku do wegah terus aku mlayu tak titipke njenengan, mangsa bodo'a ngono tak tinggal lunga trus aku yo ra tega ta dek disambati terus aku gelem, tapi janji sesuk nek kerja ngirimi, sak iki kerja sethetel pun ora. Aduuhh ngono, tapi yo wes luweh lah sing penting ikhlas. Aku nganti seprene lho, yo anggere stitik-stitik ra ketang nek bali kae nek dong kelingan "nyoh mbok" seket, seket ewu, karo aku yo kadang seket, karo anakku yo kadang seket. Nek dong kelingan, nek ra yo uwis, wes luweh aku kek'i yo tampani ra</p>	

560	<p>dikeki yo uwis. Kan dadi perawat ta dek? Nggih.. Dadi perawat kae. Brarti ket alite njenengan mpun ngurus Inug kalih mbak TR ? Owh si.. aku rung ndue AN dek, ngurus TR aku iseh perawan kelas siji SMP. Owhh, tesih SMP.. He'em, jamane kelas siji SMP tekan kelas piro kae. <u>Aku ketok'e kelas telu kae, aku kan</u></p>	
570	<p><u>ra lulus yo merga pergaulan hamil duluan.</u> Brarti nika njenengan terus mpun mboten nglanjutke sekolah bu? Ra iso kan wes isi ta, kan <u>nek konangan hamilkan wes kon metu padahal arep ujian.</u> Owh pas ajeng ujian? Ho'o., <u>kan dek'e kakak kelas ku tapi le sekolah beda, kono SMA aku SMP. Le</u></p>	<p>Tidak lulus. Ketahuan hamil. Pasangannya kakak kelas.</p>
580	<p><u>kenalan opo, nonton layar tancep.</u> Jaman semanten tasih layar tancep nggih? Layar tancep, gedung bioskop, nonto wayang, jatilan pokok'e was jan jaman semono ta dek? Nggih tontonan dereng kathah soale. Yo okeh, tapikan gayeng jaman biyen tapi maksudku kan ora kaya sakiki gedung bioskop, TV apik-apik kui. <u>Terus le kenal ki kelingan aku, neng mbakalan nonton layar tancep.</u></p>	<p>Kenal di Bakalan.</p>
590	<p>Ten mbakalan, nggih tebih. Hhiihi.. mbakalan kui lho dek, Sinduadi. Kan ono layar tancep penontone walah akehe, nek sakiki ono we sepi. Sakiki gedung bioskop we ra payu ta sakplope acara TV apik-apik kui. <u>Inget masa lalu kekang-kenangane yo iseh nang ati, nonton opo mesti ketemu, mesti ketemu. Lek mbiyen durung ono hp ming surat-suratan ta dek? Mbiyen seminggu pisan opo rong dino pisan mesti surat-suratan aku dek, tapi mben aku surat-suratan kae mesti nggo prangko kilat terus sewu limangatus.</u></p>	<p>Ingat masa lalu.</p>
600	<p>Ngono dek, mbiyen kan aku kilat terus nek ngirim dek, sakiki wes ra ono perangko hhhii.. <u>duh aku kelingan masa lalu ki seneng yo susah yo luweh, wong aku mbiyen ki di lamar wong CPM kono kui lho dek jamane kelas siji kan wes kenalan karo cah CPM.</u> SMP? SMP, jenenge mas Kamto saiki kan iseh tugas</p>	<p>Ingat masa lalu.</p>

610	<p>neng kene, mbiyen ki kan tak akoni sing nyenengi okeh banget cennan, mantanku won kono ki ono lima. Sakiki ijeh tugas neng kono sing siji wes dioper pindah ngerti kono ra reti, seprene ijeh pethukan karo aku terus tapi isin. <u>Hla nek weruh kelas siji kan pikirane cinta monyetkan dek?</u> Kono wes nembung aku, kan pas jamane perjanjian CPM kan umur 25 tahunkan oleh nikah dek, jaman aku SMP. Kan mbiyen perjanjiane koe oleh nikah umur 25 tahun tapi sing tok nikahi SMP, SMP kan aku diduduhi surate perjanjian kae dek. Oleh</p>	Cinta monyet.
620	<p>nikah karo SMP, nek sak ikikan SMA tapi kudu ndue bojo sakikikan luluhan SMA liyane SMA kan ra entuk dek, padahal wes duwur. Mbiyen SMP entuk, <u>aku kan nunggu telung taun ora aduuhh.. hhehhe..</u></p> <p>Nek jaman mbiyen niku onten paket mboten ta bu? Kejar paket niku? Who nek jaman ku mbiyen ra ono.</p> <p>Owh, dereng enten?</p>	Tidak lulus.
630	<p>Durung ono, nek sakini ono aku ditawani wegah. Hlah arep nggo opo, sakiki aku mbiyen ki lek karep ditawani wes lulus SMA. Aku ki wegah dek, wegah mikir meneh ta?</p> <p>Mpun mboten purun.</p> <p>Aku batinku wegah ah, ijasah arep nggo ngopo, po ngumbahi kudu nggo ijasah, po tekokke po? Sing peting ki bahunne karo tenagane nek ijasah istilahe ming kanggo sarana ta dek, lha kui sing tak pikir. Asss luweh sing nawani yo mbak WL melu, aku</p>	
640	<p>jamane AN melu paket yo koyo aku yo okeh banget dek. Kan nganu pakete cerak nganu ngendi mburi Indogrosir kae.</p> <p>Nggih..</p> <p>Dista barang mbiyen yo neng kono. Aku mbiyen ditawani yo mbak WL melu paket, asss wegah, wegah mikir aku mumet aku mikir. Hhiihiiii.. who mbak WL ki golek ijasah seprene SMP opo SMA mbak WL iso. Alah ra payu wes kaya aku arep kerja nandi,</p>	
650	<p>sakiki ming mbabu kui sing payu ki. Sing penting do iso nyambut gawe, ijasah kan ra dinggo nek koyo awakku dewe ho'ora dek? Wes ra kango kalah kok.</p> <p>Takehan.</p> <p>Ho'ora ta? Paling ijasah nek ra ono danane yo</p>	

660	<p>ra kuat.</p> <p>Lha nek niku mbiyen pas Inug mpun gedhe njenengan gadhah kepinginan nglanjutke sekolah mboten, pas mpun saged disambi ngoten?</p> <p>Ra ono dek, ketok'e ra ono kepinginan opo-opo, pokok'e pikiranku, <u>tujuanku, pedoman ku mung nggo nggedekke anak.</u> Anakku kudu iso, maksude pikirane kudu iso ora kalah karo liya-liyane. <u>Ben aku ra ndue bojo dek, tapi aku kudu iso nyekolahke anak-anakku, mbok ra ketang ming lulus smp po opo sing penting sekolah ojo koyo aku.</u> <u>Ibarate sing bodho cukup aku wae, lek iso anakku ojo nganti.</u></p>	<p>Membesarkan anak.</p> <p>Harus menyekolahkan anaknya.</p> <p>Jangan sampai bodoh.</p>
670	<p>Aku ming ngono kui pedomanku ki, terutama golek duit nggo nyekolahke anakku. <u>Wes aku pikirane ming ngono, iso nggedekke anakku.</u></p> <p>Ngono kui, istilahe mbiyen entu limolas po rong puluh tak sisakke, tak tabung. Aku nabung terus dek pendak dino ora kalah karo kanca-kancane, mangewu, mangewu, mangewu mesti nabung terus rutin. Piknik we nganti opo, sing ngeterke mbahne, mbahne tak bayari tak sangoni aku trimo nyambut gawe, seprene aku dek, lak aku trimo koe do piknik aku tak nyambut gawe kui nganti seprene. Ono piknikan anakku do melu, lek aku ra tau melu blas ming ping pisan.</p>	<p>Hanya membesarkan anak</p>
680	<p>Lha kok mboten tertarik nopo bu ?</p> <p>Wegah aku, mending nyambut gawe, ora tertarik istilahe wes tutuk mbiyen alah, wes lunga nandi-nandi wes tau ngono. Tapi neng pantai-pantai wes ra gumun aku, wes tau masalahe. Soale wes tau podho wae, neng pantai ming ndelok banyu ngono kae. Nek aku sing penting anakku, ben anakku wae aku trimo nyambut gawe. Aku jenenge lungo-lungo arang, istilahe opo aku ki ket mbiyen wes ra kurang-kurang wes wegah.</p>	
690	<p>Mpun tutug nggih.</p> <p>Wes tutuk, males aku. Hhee, adohe barang wes wegah aku memeng wes tutug ngonolah, sing penting anak'e wae. AW jak piknik "yo AW piknik yo AW" "gah, wes tau bu". Arep piknik yo kono piknik dewe, ning anakku ora tertarik, kan yo ono piknikan ta dek murah-murah. Trimo gawean, nek istilahe piknik dibayari "nyo mbak wal melu piknik" ono</p>	
700		

	<p>gawean milih gawean kok aku, istilahe gawean ming entu selawe ewu milih gawean selawe ewu timbang dolen wes wegah aku.</p> <p>Nek AW niku sakniki kelas pinten bu?</p> <p>Kelas telu dek,</p> <p>Owh, mpun kelas tiga.</p>	
710	<p>He'em, kelas telu sesuk kui SMA, <u>Insyallah nek SMA ne nek bijine nganu yo paling tak kekke Wahidin kono.</u> Istilahe aku ndelok kemampuan ku dek, arep larang-larang aku ra mampu tapi yo mbuh sopo ngerti sesuk Insyallah nek ndue duit mbuhlah ora ngerti. Aku pikiranku sekirane sing aku mampu wae, sakiki SMA biyane ngeri ta dek, sing paling cilik pitung juta det le ngendi? Ora ana dek, istilahe iso mangan we wes alhamdulillah.</p>	Ingin anaknya lanjut SMA.
720	<p>Koyo aku dek jamane kaya ngene “mbok anak disekolahke kono-kono” “hla koe ono bojomu, lha aku ming buruh ngumbai kadang, lha nek anakku rana duit le ngendi?”. Yo ono dek kepikiran, anakku ket mbiyen nek sekolah ki sekirane aku mampu mbayar, wes ngono kui pedomanku. Yo ngadepi anakku mampu, nek aku ra mampu piye? Ho'o ra dek?</p> <p>Nggih, mboten imbang.</p>	
730	<p><u>Sakiki tak delok anakku trus aku dewe iso mbayar ora, aku ngono kui kok dek.</u> Sejak awal aku ngono pedoman ku, tak lebokke anakke sing sekirane aku iso mbayar nek ra iso mbayar ra tak lebokke kono, daripada kepontal-pontal. Ho'o ra dek? Repot mikir aku, sing penting iso moco iso nulis aku ngono kok dek. Mbiyen kan ning TK ABA kabeh, TK ABA yo wes larang'e, sakiki mbuh piro.</p>	Pertimbangkan kemampuan.
740	<p>AW niku tesih semangat sekolah nggih bu?</p> <p>Iseh..</p> <p>Nek kalih AN benten nopo sami?</p> <p><u>Wa bedane pol, super.</u> Nek AN mbiyen ki ming kerep mbolosan, AW ki mbolose paling ming ping pisan. Semangate semangate gedhe iki..</p> <p>AW?</p>	Beda semangat sekolah.
750	<p>Ho'o, pergaulane yo apik AW. Yo memang anakku sobo warnet tapi ra tau mbolos blas lho dek, ora pengaruh karo kanca-kancane do mbolos anakku ra gelem. Wong yo semangate smangat'e gedhe AW, nek pas neng sekolahan</p>	

	<p>ki blas, rutin mlebu terus. Nek ra mlebu paling ming opo masuk angin paling ming rong dino paling pol telung ndino wes kui loro, nek ra loro yo mlebu terus. Ketok'e semangat belajare gedhe sing AW.</p>	
760	<p>Si AW ne niku? Ho'o, <u>pengaruhe ra gampang dek'e nak AN kae gampang, dijak mbolos yo ayo.</u> Kelingan mbiyen aduhh, hmmm..</p> <p>Nek AW niku sekolah mawon nopo kalih nyambi bu, kok mboten tau ketok ten kampung?</p>	<p>Gampang dipengaruhi.</p>
	<p>Hem? <u>Dek'e ki isin dek,</u> kan wingi wes dikek'i undangan ta "gah bu, isin aku rung tau", dek'e isine pol. Padahal pawakane gedhe ning pikirane ijih koyo...</p>	<p>Anak keduanya pemalu.</p>
770	<p>Cah cilik nggih ? Ho'o, hla umure limolas taun rung ono kok dek, patbelas punjul stitik. Kan lek SMP limolas kan? Kelairan 2000 ki piro dek?</p> <p>2000 owh nggih kawanwelas sak niki.</p>	
780	<p>Patbelaskan, lha yo kui lagi patbelaskan umure. Ming gedhe pawakane tok tapi pikirane ijeh hhhhhiiii. Kui, wong wingi entuk undangan "AW kana ngumpul" "emoh, isin aku". Hhehhee, dek'e durung gelem dek mbuh tapi sesuk nek tumbuh SMP mbuh opo paling mulai. Sing pentingkan ono kancane, "hla kancane nopal", "haa.. karo kae ra nganu kok", "hla koe arep kumpul kapan?", "ha yo sesuk bu nek ra isin". Wes koe ki, ho'o, gur isin kae ki. Hla dolane ming karo Bima, Dicky lha cah cilik-cilik'e ki, dasare umure yo rung nganu ta dek?</p>	
790	<p>Ning nek kalih AN niku sok dijak'i mboten nggih bu? Karo AN? Yo "ayo ri kumpul timbang nang ngomah ming ndelok TV", "gah mas, aku isin", "koe ki piye ta kok isin?", "yo sesuk". <u>Karo AN yo sik dijak tapi dek'e sing wegah.</u> "kono AN, adine di nganu", "gah bu, mas AN mau wes ngejak aku aku sing emoh kok", yo wes nek akhire emoh. <u>Yo wes AN yo menyang dewe, karepku ki ya kon kumpul.</u></p> <p>Dijak'i. He'em dijak'i, isinah iseh ngono kui lho dek. Koyo nek dilokke cah wedok yo ora tapi yo ming isin dek'e ki, taksekarep. Karepku yo</p>	<p>Tidak mau bergaul.</p> <p>Pengennya ikut kumpul.</p>

800	<p>tak kon kumpul, latihan cah nom-nom soale kan wes dewasa ibarate kan?</p> <p>Wes mulai gedhe. Ho'o, Wes mulai gedhe mulai tumbuh ngono, kumpul remaja ngko ora ming ndekem nang ngomah. Paling ming ndelokke film, nganti nganu, wes luweh. Aku dewe ujung-ujunge yo ming luweh ngono.</p> <p>Eh bu, nek mlebet sekolahkan ngagem akte ta nggihan?</p>	
810	<p>Napa dek?</p> <p>Nek mlebet sekolah niku. <u>Aku akte rung ndue dek, aku prinsipku aku nek rung ndue bojo rung tak golekke anakku dek.</u></p>	Belum punya akte.
820	<p>Owh., ning saged bu mlebet nika? Iso mlebu, nganggo surat keterangan.</p> <p>Owh, surat keterangan. <u>Dek'e kan melu anggota ibu ku, anak ku dadine sak iki dudu anakku, anak'e ibu ku.</u></p>	Ikut KK ibu.
830	<p>Owh., dilebetke KK ne nggene ibu. Ho'o, dadi yo kan durung iso mlebu KK dewe ta dek, <u>lek iso yo golek dewe tapikan aku mikir aa nek sesuk ndue bojo kudu golek meneh, mendingan rasah sisan.</u> Kui cah loro melu anggota ibu ku kabeh, <u>KTP ku masih perawan kok dek, yo masih perawan kan rung nikah</u> tapikan ra reti ditulis perawan ra tak pikir kui. Po meneh aku lek di karo wong-wong "koe es nikah rung'e mbak", "uwes", "tapi kapan le nikah?", "embuh, hhihi".</p> <p>Sauri entheng ngaten. Ho'o angger sauri guyon, kadang ki sok takoni uwong ki takoni "kui anakmu po mbak?", "ho'o anakku", "mosok, le nikah ki kapan? Rung nikah kok wes ndue anak".</p> <p>Ibu nika nggeh mpun nate ngomong, "kae mbak WL diboncengke yang'e", "sopo yang'e?" , ternyata diboncengke AN Hhehe..</p>	Belum mau cari KK sendiri. KTP berstatus perawan.
840	<p>Hheehee., lha yo kui aku nek diboncengke anakku koyo ono sing pacare ono sing adine. Dikira anakku ra mungkin anak ku wes semono, soale yo iseh cilik kelas telu wes ndue anak kui ra reti. Aku yo ra kroso ki, ndue anak ngerti waduh wes semono.</p> <p>Ngerti-ngerti wes gedhe ora ngrasakke. He'em, kan wah AN wes semene AW wes</p>	

850	<p>semene kelas telu ya wah cepet banget, cepet banget ora krasa. Wes semene ki, butuh biaya meneh ki sesuk. Assss luweh, rejeki suk rak Allah daripada mikir mumet-mumet? Aku raiso nyambut gawe pasrah waelah.</p>	
	<p>Nggih onten mawon dalane. Ho'o, mbuh piye carane ra dong. Ngonu kui.</p>	
860	<p>Nek pas awal-awal'e bu, nek pas cilik nika kan, AN pas tasih alit nika kan bu, njenengan awale nopo nggih, keadaane kan berubah saking dereng gadhah anak terus gadah anak, njenengan menyesuaikan dirine pripun bu? Yo iso wae ki dek aku, yo iso wae istilaha yo pengalaman ndelok nggon TV-TV, iso carane ngene-ngene ki ya maksud ku ora kekuk ngono ki ya, biasa ngono kui lah. Yo ass ngono kae, ora ketok'e pikirane ki iso tumbuh dewe, trus keibuane aku muncul dewe ngono lo dek. Padahal sak jek'e ora tau ngerti ndue anak ta istilaha, kelas telu sak mono kok wes reti hhaahaa.</p>	
870	<p>Durung mikir nggih? Durung mikir kok ngerti-ngerti wes ndue, aduh tapi yo.. yo opo pikirane opo dek, istilaha idene iso muncul dewe-dewe. Carane ngene-ngene ki wes iso nganu ucul dewe lah, carane makpungi piye, carane ndulang ki piye, iso ucul dewe dadine cilik-cilik wes kui. Tapi ming ngedusi aku ra iso, ngedusi kan iseh wedi dek, rung tau ta? Kui aku wani umur piro ya, limang sasi umure iso wani.</p>	
880	<p>Kan mbiyen kan ngau ora tek'an ember dek ming baskom kae lho, baskom bunder ngono kae lho.</p> <p>Hhehee, Nggih baskom bunder. Kan ra ndue ember aku dek, ming baskom sing ngedusi mbokku bayi ngono. Kan aku yo wedi ta? Bayi ijih..hhehee</p>	
890	<p>Ijeh cilik ngetenika nggih. Kan anu opo, urung tugel pusere dekne ibuku bayi, sing ngedusi ibuku, limang sasi lagi di colke. Kan aku kan nek ibu ku ngedusi kanaku ngematke carane ngene-ngene, dadi iso wes ngedusi dewe, <u>priksa nang puskesmas dewe, ngono kae uwis. Aku tau dilokke "aduh mbak'e iseh ayune kaya ngono wes ndue anak mbak"</u>, "<u>kajenge</u>". Hhehee. Nang puskesmas</p>	<p>Dikomentari di puskesmas.</p>

900	<p>Mlati kui lho dek aku, nek Tegalrejo ki pelayanane sui banget, kesuaen nek neng Tegalrejo. Yo mbiyenkan lire puskesmas Tegalrejo puskesmas kono kui, tapi tak pikir bis onkose, kadang nek ra ndue duit kui lho.</p> <p>Nggih mangkih.</p> <p>Ho'o ta? Trus aku pikirane tumbuh ngono, bener aku le nglairke neng kene tapi nek le imunisasi neng kene, yo nek ndue duit, nek ora? Aku mikire nag kono kui lho dek. Nek puskesmas Mlati kan le ngurus cerak, ming mlaku ta dek? Aku mbiyen nang puskesmas ming mlaku terus yo pernah yo diterke mbokku, kono kae lho. Tapi ming ping pisan</p>	
910	<p>pindo sui-sui terus dewe ngno nggowo payung, ajar kendel. Ari barang ki yo nang kono, laire barang ki yo nang kono Karangwaru le imunisasi nang Mlati dek. Imunisasi yo ketuk sangangsasi to dek'e, wes timbangane nang kampung-kampung yo ra, <u>maksudku yo ra ndue rasa minder ki dek.</u> Nek biasane kan do minder ta?</p> <p>Nggih..</p>	<p>Tidak minder.</p>
920	<p><u>Kaya dikucilkan po piye, yo memang ono sing nyeplos tapi podo luweh ta nganti seprene cuek aku dek, mbok dilokke wong arep do ngene-ngene wes luweh. Urusanmu urusanmu, urusanku urusanku sing penting aku ra ngganggu koe ojo ngganggu aku, uwes ming ngono.</u> Kecuali kono lenganu banget yo tak opo ming tak sauri opo opo, wes luweh, kadang yo ming ngguyu dengan senyuman ngono lak uwis wong-wong. Kan wonge yo mikir mbak'e kae tak lok-lokke paling ming ngguyu ming meneng wae, kan sue-suekan iso mikir dewe ta dek. <u>Biasane uwong nek dilawan karo kekerasan-kekerasan nak malah perang mulut ta dek?</u> Yo kui aku wes males, kok aku iso wong wes koyo ngono tanduk'i malah koyo wong edan ta dek? Untunge opo, ra ana dek? Tinggal lungo yo wes ngko lak ndek meneng dewe. <u>Aku yo nyatane wong-wong do ngundang do ngelokne meneng ngono lho dek, wes suda ra koyo mbiyen.</u></p>	<p>Sudah cuek.</p> <p>Urusan masing-masing.</p>
930	<p>Saikiki wes ora kok ming luweh aku. Istilahe sing koyo aku ngene ora ming aku dewe, jenenge uwong nek ditari kaya aku yo ndi sing gelem, ho'o ta?</p>	<p>Tidak mau melawan.</p>
940	<p>Saikiki wes ora kok ming luweh aku. Istilahe sing koyo aku ngene ora ming aku dewe, jenenge uwong nek ditari kaya aku yo ndi sing gelem, ho'o ta?</p>	<p>Komentar negatif berkurang.</p>

950	<p>Mboten enten sing purun. <u>He'em, istilahe mayang ho'o ta dek, wayang ta istilahe nek uwong ki nggo wayang suk nek uwis ki rampung yo rampung lelakone ki.</u> Karo uji-ujian kan wong ra reti ta nek di uji? Aku wes pokok'e pasrah karo sing Kuasa ta?</p>	Permasalahannya akan selesai.
960	<p>Berarti ket njenengan alit njenengan mpun niku nopo krungu komentar-komentar negatif nggih sak karepmulah cuek. <u>Cuek bebek aku dek wes ra pengaruhi aku, wes luweh. Dari dulu dari sejak aku awal ndue istilahe ora ndue bojo kui yo nganti seprene ki yo wes kebal dadine, wes tak cuekke istilahe tak anggep angin lalu ngono wae. Hla nek dipiker ngko nek awakku lara gering rak malah do keblok ngene ki ta? Yo jeneng'e ora nganu tapi nak do sorak ta dek? Wes ibarate aku wong ra ndue wong ra nganu ming dilokke gene-gene yo ringkih, gene iso loro, malah seneng ta dek? Nak aku wes wegah trimo tak cuekke, tak anggep angin lalu istilahe kui ming ujian, kuat ora to aku ki dek, diuji ngene ki. Nek kuat yo paling ono meneh, ujian ki yo ngono kui, nganti seprene wes luweh lah, pedomanku ming nggolekke anak. Anakku loro iso mangan iso sekolah wes ngono kui, wong arep komentar opo wae mbokmen. Wes kui, bener ora dek?</u></p>	Cuek sampai kebal. Dipikirkan malah sakit.
970	<p>Nggih, nek dirasakke omongan uwong malah mumet dewe. aa... ora mung mumet, stres. Istilahe ming tak anggep angin lalu cuek bebek uwis, <i>no comment</i>. Sing penting koe ra nggrawuk aku koe ra ngrusuhi aku, uwis luweh sak unimumu karep mu, ngono kui. <u>Tujuane pertama ki golek pangan, golekke anak, wes ngono kui, tujuane paling ming kui dek ra ono liyaliyane.</u> Wegah, wong kampung kenekan kebanyakan do koyo ngono kui ta? Wes apal anak kecil sampai orangtua we wes apal kok, wes kebal ibarate wes cukup makan garam. Hhehee. Yo wes kebal ta dek istilahe.</p>	Hanya ujian. Hanya mencarikan anak.
980	<p>Hhehhee.. <u>Urip rekasa sak rekasa-rekasane wes kulino, kan ketuk cilikkan rekasa terus lho dek aku. Jamane bapakku tekan seprene durung ngasi kepenak, yo Alhamdulillah'e kongene kok ra kepenak, disyukuri. Hhehee.</u></p>	Mencarikan untuk anak.
990	<p>Hhehhee.. <u>Urip rekasa sak rekasa-rekasane wes kulino, kan ketuk cilikkan rekasa terus lho dek aku. Jamane bapakku tekan seprene durung ngasi kepenak, yo Alhamdulillah'e kongene kok ra kepenak, disyukuri. Hhehee.</u></p>	Sudah biasa hidup keras. Seperti ini disyukuri.

1000	<p>Nek mboten nggih mbenjang sing kepenak anak'e. <u>Ho'o, aku ngono kui wes. Sing penting sesuk anakku wes, ndeleng anakku seneng wes melu seneng ibarate iso opo wes seneng.</u> Ngono lah dek, kui</p> <p>Njenengan nate minder mboten bu pas ngoteniku ? Ora tau ndelalah, ora ono rasa minder blas ra tau ono istilahe aku ra tau ono roso minder. Minder ki yo ngopo dek, wes kongene kok minder ta? <u>Ra ono blas aku rasa minder, tak guang mbiyen-mbiyen dari sejak awal, minder ki ojo nganti.</u></p>	<p>Yang penting anaknya.</p> <p>Tidak minder.</p>
1010	<p>Lha nek pandangane panjenengan kalih masyarakat mriki pripun? Yo wes biasa dek aku, <u>yo nek aku ki biasa ono sing apik ono sing elek tapi kui kan pandangane, yo biasa waelah.</u> Aku biasa ngon wae nek aku. Kan yo wes apal ta masyarakate kene ki? Ho'o ora dek, kaya njenengan yo wes apal, hhehhee.</p>	<p>Pandangan orang berbeda.</p>
1020	<p>Nek njenengan krasa nyaman mboten bu kalih kondisine sak niki? <u>Yo koyo aku yo tak nyaman-nyamanke ta, istilahe nyaman yo ora nyaman, ora nyaman yo nyaman hhehhee.</u> Ho'o ora dek, <u>nek istilahe koyo aku ibarate arep tak tinggal merantau wes kabotan karo ibu ku, sing disambatkan ra ono ta dek.</u> Trus aku <u>kepikiran anak-anak ku ngko nek anakku loro sopo sing ngrumat, yo wes abot ta dek.</u> Ya okeh sing do nawani kerja ning Malaysia, nang Jakarta, nang nganu kui gajine semene-semene tapi aku wong'e ra mudah tergiur dek. <u>Slain kui pedoman ku mati urip nang kene dek, ngopeni wongtuo ku.</u> Seandene sesuk aku ndue bojo yo ming cerak-cerak kene ki,</p>	<p>Dinyamankan.</p> <p>Keberatan jika merantau.</p> <p>Pedoman hidup disini. Tinggal dekat ibu.</p>
1030	<p><u>tak tinggalki sing penting iso dijangkau ngonolah.</u> Wes ngono kui. Okeh wong do nawani kerjaan aku, tapi <u>aku ora tegel ninggal ibu karo anakku ora gelem.</u> Nek liyane paling tegel, "wes anak wes gedhe-gedhe we tinggal nyambutgawe penek we ra iso to mbak WL". Ra iso aku dek, kepikiran aku, istilahe aku kerja sedino ngono yo ora bali-bali pikirane ming ankku loro. <u>Setengahe mangan ngene ki kelingan kok aku, wah anakku mangan ora</u></p>	<p>Tidak tega.</p> <p>Selalu teringat anaknya.</p>

1040	<p>yo? Mesti kelingan aku dek, ra iso leli, misale entuk pangan aku mangan alah iyung tak gowo bali kok. Untunge juragane yo ngerti kui, istilaha aku mangan roti sak comot, “WL mbok kui dientekke, ngko tak gawani anakmu” ngno kui. Untunge wes do ngerti kabeh, mbok nek liyane akukan tegel banget ta dek? Owh wes do gedhe kok golekke pangan?, nek aku tetep ra iso. Kelingan anak-anakku aku ok, istilaha ming kerja ning sawah</p>	
1050	<p>nek ara weruh bali-bali wah kangen ngomah lek bali. Weruh anakku ko piye ta, hhehheee. Padahal tuyul-tuyule wes gedhe ta dek? Lha aku ora urung iso aku, nek kerja sedino we kaya ketok-ketok’en ngono kae lho. Padahal ra ketang ngko ming ngopo, tep ra iso aku ki.</p> <p>Sing ndamel njenengan seneng sak niki napa bu, sing marakke bungah atine niku biasane nopo?</p>	
1060	<p>Nek aku tak gawe seneng dek, istilaha opo yo opo hiburan opo, akukan wonge ra tau lungo dek. Istilaha mung nontonTV mung sekedar opo yo uwislah, paling nonton TV sing seneng opo India opo opo kan iso ngguyu iso leli ngono uwis. Nek lungo-lungo kan aku ya arang dek, lunga metu we arang. Senenge dasare wes tutug ket mbiyenlah. Paling nek ono tontonan, nek gelem yo melu nek ora ya ora. Kui, istilaha hiburan ming nonton TV film po ngopo ngono kui, uwes. Anggere</p>	
1070	<p>nonton kalah karo anak’e yo uwis mundur, terus turu uwis mikire sesuk meneh. Hhehe. Mbuh ndue duit ra luweh mikire sesuk.</p> <p>Nek sak niki sing tasih dados beban njenengan nopo bu, enten mboten?</p> <p><u>Yo beban ki istilaha yo ono ta dek, istilaha yo mbayar sekolah yo nganu AW barang kae ta?</u></p> <p>Bebane yo ming kui tok ta? Nak AN ki wes ra beban istilaha wes ra nganu ta, tanggungane wes rampung ta. Nek Ari kan iseh dadi beban</p>	Ada beban.
1080	<p>kan yo mikir biaya sekolah barang kui dek, aku bebane Cuma itu ta?</p> <p>Nek sanese mboten enten?</p> <p>Blas ra ono, <u>yo bebane ki yo ming biaya sekolah mau</u>, muga-muga sesuk iso mbayar. Allah ya mbuh ngekek’i ra ngerti ta dek, beban kan cuma satu dek sekolah kui mau. Muga-muga iso nragati AW sekolah SMA,</p>	Beban biaya sekolah.

1090	<p>ming kui tok dek. <u>Muga-muga sesuk Allah iso ngabulke iso lulus SMA, soale kakangne ra iso yo adine.</u> Tak pekso yo ra iso ta, pikirane wes dewe-dewe. Luweh lah sing penting Ari iso nganti lulus SMA, trus arep golek gawean yo karepe ta. Sukkan nalare tumbuh dewe, dewe kan mung ngetutke, suk uripe iso penak sak nduwurku lah dek. Dadi wong sholeh trus dadi wong kepenak, jo tiru mbokne bodho. <u>Harapane wong tuo nak ming ngono kui ta dek, dadi wong sholeh, piter, kepenak luwih seko mbokne ojo dadi koyo mbone.</u> Mbokne</p>	<p>Semoga lulus SMA.</p> <p>Jangan seperti ibunya.</p> <p>Membekali kepandaian.</p>
1100	<p>ra iso nyangoni duit, isone ing nyangoni <u>kepinteran.</u> Ha'a ta dek. Nggih, nyangoni ilmu. Nyangoni ilmu., nek duit kan ora ono. Nggih nek duitkan saged telas. <u>Nek kepinteran sampai matipun iseh kan dek?</u> Nek kepinteran tetep iso. Nggih mpun bu, nek ajeng nglanjutke istirahat, malah kula ganggu.</p>	<p>Dibekali kepintaran.</p>
1110	<p>Ho'o, ora dek. Mbenjang nek perlu kula tak mriki malih, mpun bu suwun nggih. Nggih, monggo.</p>	

Pengelompokan Frase Bermakna Wawancara dan Observasi
Key Informan WL mengenai Upaya Pembentukan Identitas Sosial
pada *Unwed Mother*

Frase Bermakna	Sumber
Sepi sakiki mbangane mbiyen ngumbahi, sak iki sepi lo dek	Sepi pekerjaan. W2/WL b 18-19
Paling yo ming golek rongsokkan, entuk gendul siji loro tak gowo bali tak lumpukne ngko nek wes nganu.	Cari barang bekas. W2/WL b 24-26
Tapi wes yo rapopolah syukuri, entuk stitik tak syukuri entuk akeh tak syukuri. Hla piye meneh, hhaa.	Tetap bersyukur. W2/WL b 43-45
Ojo nggawe ibu mu elek istilahe ibumu wes elek koe ojo ngasi elek nek iso ki ojo ngasi, sesuk ki koe dadi cah nggenah	Jangan seperti ibunya. W2/WL b 79-82
wong aku kene wes elek ngko anakku melu elek yo wes ngono ta dek. Wedine nek salah pergaulan barang kui lho, dipengaruhi ngene koe njuk iki nah..	Tak mau ditiru anaknya. W2/WL b 86-89
Jenenge wong nek sing seneng karo sing ora ki akeh sing ora seneng ta dek?	Banyak orang tidak suka. W2/WL b 91-93
Nek iso ki ojo nganti aku, sing elek tetep ben mbokmu wae, koe iso apik ngono.	Jangan seperti ibunya. W2/WL b 97-100
yo istilahe anakku tak anggep kaya sahabat.	Anak sebagai sahabat. W2/WL b 108-109
nek iso sak belum'e koe ndue pacar ben ibu ndisik. Pacar nek iso ki ibu mu sesuk ndue bapak	Punya pacar dulu. W2/WL b 114-116
maklum tapi ati-ati bu ojo balen meneh koyo aku meneh.	Anaknya maklum W2/WL b 119-120
koe asline yo ndue bapak	Beda agama. W2/WL b 121-123

ming ora bareng wae. Wong Condongcatur, ming bedo agama wes perselisihan ket Inug cilik,		
Tapi nek sing ra ngerti dikiro aku lonthe, bojo ku wong ndalanan.	Dianggap pelacur.	W2/WL b 132-134
ibarate aku kon milih koe ndue bojo, ndue bojo karo ora ndue bojo tapi agamamu malih koe milih ndi? Aku milih ra ndue bojo, abot agama biarpun aku tekonku elek istilaha koyo lonthe koyo pelacur,	Memilih agama.	W2/WL b 139-143
Mbiyen kon malih, penak nek ndue bojo tapi kan akhire kan murtad,	Tidak mau murtad.	W2/WL b 147-148
mbok istilaha nganti tak lakoni nek aku kon pindah agama matipun aku tidak mau, tetep Islam, pedomanku ngono kui kuat aku.	Tidak mau pindah agama.	W2/WL b 152-155
Jodho rejeki mati sing nganu Gusti Allah, bener ora dek?	Semua diatur Allah.	W2/WL b 161-162
Nek sakiki tak nengke wae wong arep do nggombleh arep wes luweh wisan.	Didiamkan saja.	W2/WL b 166-168
Ora, seko ati ku dewe dek.	Dari hati.	W2/WL b 175
Kui jamane aku iseh SD karo SMP sing nyenengi akeh banget, trus isoo kecelakaan yo merga kui, trus entuk Katholik kui.	Hamil duluan.	W2/WL b 185-187
Omahe Condongcatur perumahan Condongcatur kuingalor stiti wes tekan, omahe nomer loro.	Pasangan di Concat.	W2/WL b 189-192
Mbak, aku ki sing jenenge ndue anak mbak ojo nganti ra ndue bojo, yo men saiki dianggep pelacur, lonthe.	Jangan sampai tidak punya pasangan.	W2/WL b 197-199
cuman siji aku ra iso nikah, nek wong ngertine aku lonthe.	Dianggap pelacur.	W2/WL b 214-215
sopo wae aku dikiro ngapusi yo sakiki tak tantang tak jak ndono,	Siap memberitahu.	W2/WL b 219-220

aku nek ngejak Inug lolalaline nek ngejak, ngerti omahe kono ki ngejak bolo trus ditawur.	Takut ngeroyok.	W2/WL b 227-229
Lek ndono lek ra ketemu bojoku percuma malah ketemu sing wedok.	Percuma tidak ketemu.	W2/WL b 235-236
Aku nek kon ndono emoh, neng Condongcatur we sakiki arang wegah adoh'e ming ketemu ibuku terus.	Tidak mau ke Condat.	W2/WL b 247-249
Jane kepengen weruh anakku kon ninggal, tapi nek tak duduhi lek ra beres po opo lek aku wedine lek dek'e misuh-misuh trus ngamuk pas neng kono kan.	Takut anaknya ngamuk.	W2/WL b 254-257
nek bayine kerep ndono dek'e.	Sering kesana waktu bayi.	W2/WL b 259-260
lek saplok'e gedhe ki urung tau ndono,	Setelah dewasa belum pernah	W2/WL b 262-263
Yo ta dek aku njogo istilaha aku mesakne anakku pengen weruh mbahne yo pengen weruh tapi ming tak jogo siji aku ki, kui ngko nek nggruduk trus gawe kisruh neng kono aku rak ciloko.	Menjaga kedamaian.	W2/WL b 278-273
rasah Nug, sesuk nek mangsane Gusti Allah nemokke koe karo bapak mu sok ra ketang suk liya dino patang tahunanlah.	Besok pasti ketemu.	W2/WL b 276-279
soale opo dek, kono ngoyak-oyak nikahi aku tapi aku sing ra gelem, ibukku sing ra gelem soale opo? Kon malih agama, mbok trima ora.	Lepas kontak.	W2/WL b 309
Nek setuju aku wes nikah wingi-wingi jaman Inug iseh cilik ta dek?	Dikejar menikah.	W2/WL b 311-314
golek sing seiman kui lho dek, istilaha ngerti posisi, ngerti keadaan aku wes ndue anak loro ngene-ngene.	Sudah menikah.	W2/WL b 317-318
tapi aku njaga resiko kan belum tentu nek wong lanang ki seneng aku gelem nompo	Mencari pasangan pengertian.	W2/WL b 322-324
	Belum tentu menerima.	W2/WL b 328-330

akakku kan ngono ta dek?		
istilaha gelem nampa aku gelem nampa anakku, aku sing tak golekki mung kui dek.	Mencarikan untuk anaknya.	W2/WL b 332-334
tapi kono nek ngejak nikah ko sek, emoh.	Tidak mau menikah.	W2/WL b 343-344
Durung siap.	Belum siap menikah.	W2/WL b 347
Unug ki wes ngerti, calon bapane wes dek'ne. Tapi anakku yo rung seneng,	Sudah tau calon ayah.	W2/WL b 349-350
aku ora kesusulah, aku sing nolak wegah, lola-laline ngko wes nikah malih	Tidak terburu.	W2/WL b 360-362
nek iso sekali nikah sak umur hidup, sehidup semati,	Sekali menikah.	W2/WL b 367-368
Unug ki wes ngerti, Ari yo ngerti.	Sudah tau pacar ibunya.	W2/WL b 370-371
Wong Solo, cerak Makam haji, Rumah Sakit Kutoarjo Solo.	Kutoarjo Solo.	W2/WL b 374-375
aku lek ndue pacar dek, kudu ngerti omahku, aku kudu ngerti kono.	Harus saling tahu.	W2/WL b 380-381
Yo seko bayi dek, ceprot biaya dewe.	Biayai sendiri.	W2/WL b 401
Ketuk bayi indil-indil istilaha umur seminggu tak sambu tak jak kerja dek,	Seminggu sudah kerja.	W2/WL b 403-404
He'em, ketuk bayi dek istilaha bayi umur seminggu tak tinggal kerja anakku dek.	Umur seminggu ditinggal bekerja.	W2/WL b 412-414
mbiyen ki yo rekasa banget aku banting tulang, ket bayi ceprot tak tinggal nyambut gawe. Jamane hamil istilaha hamil sesasi kerja terus nganti nglairke, nglairke ming nganggur seminggu aku dek.	Berat sejak hamil.	W2/WL b 422-426
seminggu wes kerja, seminggu wes ngumbahi rong ember telung ember,	Seminggu sudah bekerja.	W2/WL b 431-432
seko ideku dewe dek aku nabung ki.	Menabung.	W2/WL b 438-439
Dewe, ra ono sing mbantu.	Tidak dibantu.	W2/WL b 445
Biar aku ra ndue bojo iso	Tidak punya ayah.	W2/WL b 462-465

nggedekke anak, mung aku ngono kui. Yo mung cacat ora ndue bapak, aku ngono kui dek aku.		
sing penting percaya wae nek jodho ki mesti ndue mbok nganti sakiki rung dikeki ta dek istilaha.	Percaya pada Tuhan.	W2/WL b 466-468
yo rada gedhe yo kepikiran aku dek, yo istilaha iseh enom butuh pendamping trus anakku ono sing do nglindung ta dek.	Terfikir menikah	W2/WL b 473-476
Aku yo mikir jodho agi sakiki nek mbiyen ki ora, mbiyen ki ra ndue bojo mending nggedekke anak-anakku ndisik.	Sekarang memikirkan jodoh.	W2/WL b 476-478
yo butuh dek butuh pendamping ming nek ono opo-opo, keluh kesah'e karo aku yo jenenge uwong ki istilaha ra ndue duit ono sing disambati karo dek'e, ngko ono masalah opo ono sing ngangu kui istilaha ono sing nggo curhat, ono sing nggo sambatan.	Butuh pendamping.	W2/WL b 480-485
pengen ndue bojo ki semenjak iki menginjak iki, Ojo meneh ndelok lebaran ndelokke wa... rasane kaya nggereng-nggerenga dek istilaha ora sedih tapi atine njerit, ming kui.	Sekarang ingin punya suami.	W2/WL b 488-492
ket jaman durung ndue anak wes kerja aku.	Dari dulu sudah kerja.	W2/WL b 507-508
Aku ketok'e kelas telu kae, aku kan ra lulus yo merga pergaulan hamil duluan.	Tidak lulus.	W2/WL b 569-570
nek konangan hamilkan wes kon metu padahal arep ujian.	Ketahuan hamil.	W2/WL b 573-574
kan dek'e kakak kelas ku tapi le sekolah beda, kono SMA aku SMP.	Pasangannya kakak kelas.	W2/WL b 576-577
Terus le kenal ki kelingan aku, neng mbakalan nonton layar tancep.	Kenal di Bakalan.	W2/WL b 585-587

Inget masa lalu kekang-kenangane yo iseh nang ati,nonton opo mesti ketemu, mesti ketemu.Lek mbiyen durung ono hp ming surat-suratan ta dek? Mbiyen seminggu pisan opo rong dino pisan mesti surat-suratan aku dek, tapi mben aku surat-suratan kae mesti nggo prangko kilat terus sewu limangatus.	Ingat masa lalu.	W2/WL b 593-599
duh aku kelingan masa lalu ki seneng yo susah yo luweh, wong aku mbiyen ki di lamar wong CPM kono kui lho dek jamane kelas siji kan wes kenalan karo cah CPM.	Ingat masa lalu.	W2/WL b 602-605
Hla nek weruh kelas siji kan pikirane cinta monyetkan dek?	Cinta monyet.	W2/WL b 613-614
aku kan nunggu telung taun ora aduuhh.. hhehhe..	Tidak lulus.	W2/WL b 623-624
tujuanku, pedoman ku mung nggo nggedekke anak.	Membesarkan anak.	W2/WL b 662-663
Ben aku ra ndue bojo dek, tapi aku kudu iso nyekolahke anak-anakku, mbok ra ketang ming lulus smp po opo sing penting sekolah ojo koyo aku.	Harus menyekolahkan anaknya.	W2/WL b 665-668
Ibarate sing bodho cukup aku wae, lek iso anakku ojo nganti.	Jangan sampai bodoh.	W2/WL b 668-669
Wes aku pikirane ming ngono, iso nggedekke anakku.	Hanya membesarkan anak	W2/WL b 671-672
nek SMA ne nek bijine nganu yo paling tak kekke Wahidin kono.	Ingin anaknya lanjut SMA.	W2/WL b 710-712
Sakiki tak delok anakku trus aku dewe iso mbayar ora, aku ngono kui kok dek.	Pertimbangkan kemampuan.	W2/WL b 729-730
Wa bedane pol, super	Beda semangat sekolah.	W2/WL b 742
pengaruhe ra gampang dek'e nak Inug kae gampang, dijak mbolos yo ayo.	Gampang dipengaruhi.	W2/WL b 758-759
Dek'e ki isin dek,	Anak keduanya pemalu.	W2/WL b 764

Karo Inug yo sik dijak tapi dek'e sing wegah. Yo wes Inug yo menyang dewe, karepku ki ya kon kumpul.	Tidak mau bergaul. Pengennya ikut kumpul.	W2/WL b 791-795
Aku akte rung ndue dek, aku prinsipku aku nek rung ndue bojo rung tak golekke anakku dek.	Belum punya akte.	W2/WL b 812-814
Dek'e kan melu anggota ibu ku, anak ku dadine sak iki dudu anakku, anak'e ibu ku.	Ikut KK ibu.	W2/WL b 818-819
lek iso yo golek dewe tapikan aku mikir aa nek sesuk ndue bojo kudu golek meneh, mendingan rasah sisan.	Belum mau cari KK sendiri.	W2/WL b 822-824
KTP ku masih perawan kok dek, yo masih perawan kan rung nikah	KTP berstatus perawan.	W2/WL b 825-827
priksa nang puskesmas dewe, ngono kae uwis. Aku tau dilokke "aduh mbak'e iseh ayune kaya ngono wes ndue anak mbak", "kajenge".	Dikomentari di puskesmas.	W2/WL b 892-895
maksudku yo ra ndue rasa minder ki dek.	Tidak minder.	W2/WL b 916
Kaya dikucilkan po piye, yo memang ono sing nyeplos tapi podo luweh ta nganti seprene cuek aku dek, mbok dilokke wong arep do ngene-ngene wes luweh.	Sudah cuek.	W2/WL b 919-922
Urusanmu urusanmu, urusanku urusanku sing penting aku ra ngganggu koe ojo ngganggu aku, uwes ming ngono.	Urusan masing-masing.	W2/WL b 922-925
Biasane uwong nek dilawan karo kekerasan-kekerasan nak malah perang mulut ta dek?	Tidak mau melawan.	W2/WL b 931-933
Aku yo nyatane wong-wong do ngundang do ngelokne meneng ngono lho dek, wes suda ra koyo mbiyen.	Komentar negatif berkurang.	W2/WL b 937-939
istilahe mayang ho'o ta dek, wayang ta istilahe nek uwong ki nggo wayang suk nek uwis ki rampung yo rampung	Permasalahannya akan selesai.	W2/WL b 945-947

lelakone ki.		
Cuek bebek aku dek wes ra pengaruhi aku, wes luweh. Dari dulu dari sejak aku awal ndue istilaha ora ndue bojo kui yo nganti seprene ki yo wes kebal dadine,	Cuek sampai kebal.	W2/WL b 953-956
Hla nek dipiker ngko nek awakku lara gering rak malah do keplok ngene ki ta	Dipikirkan malah sakit.	W2/WL b 958-959
Nak aku wes wegah trimo tak cuekke, tak anggep angin lalu istilaha kui ming ujian, kuat ora to aku ki dek, diuji ngene ki. Nek kuat yo paling ono meneh, ujian ki yo ngono kui,	Hanya ujian.	W2/WL b 963-967
pedomanku ming nggolekke anak. Anakku loro iso mangan iso sekolah wes ngono kui, wong arep komentar opo wae mbokmen.	Hanya mencarikan anak.	W2/WL b 968-971
Tujuane pertama ki golek pangan, golekke anak, wes ngono kui, tujuane paling ming kui dek ra ono liyaliyane.	Mencarikan untuk anak.	W2/WL b 977-981
Urip rekasa sak rekasa-rekasane wes kulino, kan ketuk cilikkan rekasa terus lho dek aku. Jamane bapakku tekan seprene durung ngasi kepenak,	Sudah biasa hidup keras.	W2/WL b 987-990
Alhamdulillah'e kongene kok ra kepenak, disyukuri.	Seperti ini disyukuri.	W2/WL b 990-991
Sing penting sesuk anakku wes, ndeleng anakku seneng wes melu seneng ibarate iso opo wes seneng.	Yang penting anaknya.	W2/WL b 994-996
Ra ono blas aku rasa minder, tak guang mbiyen-mbiyen dari sejak awal, minder ki ojo nganti.	Tidak minder.	W2/WL b 1003-1005
yo nek aku ki biasa ono sing apik ono sing elek tapi kui kan pandangane, yo biasa waelah.	Pandangan orang berbeda.	W2/WL b 1007-1009
Yo koyo aku yo tak nyaman-nyamanke ta, istilaha nyaman	Dinyamankan.	W2/WL b 1015-1017

yo ora nyaman, ora nyaman yo nyaman hhehhee.		
nek istilaha koyo aku ibarate arep tak tinggal merantau wes kabotan karo ibu ku, sing disambatkan ra ono ta dek. Trus aku kepikiran anak-anak ku	Keberatan jika merantau.	W2/WL b 1017- 1021
Slain kui pedoman ku mati urip nang kene dek, ngopeni wongtuo ku.	Pedoman hidup disini.	W2/WL b 1026- 1027
Seandene sesuk aku ndue bojo yo ming cerak-cerak kene ki, tak tinggalki sing penting iso dijangkau ngonolah.	Tinggal dekat ibu.	W2/WL b 1027- 1030
tapi aku ora tegel ninggal ibu karo anakku	Tidak tega.	W2/WL b 1031- 1032
Setengahhe mangan ngene ki kelingan kok aku, wah anakku mangan ora yo?	Selalu teringat anaknya.	W2/WL b 1037- 1039
Yo beban ki istilaha yo ono ta dek, istilaha yo mbayar sekolah yo nganu Ari barang kae ta?	Ada beban.	W2/WL b 1074- 1075
yo bebane ki yo ming biaya sekola mau,	Beban biaya sekolah.	W2/WL b 1082- 1083
Muga-muga sesuk Allah iso ngabulke iso lulus SMA, soale kakangne ra iso yo adine.	Semoga lulus SMA.	W2/WL b 1087- 1089
Harapane wong tuo nak ming ngono kui ta dek, dadi wong sholeh, piter, kepenak luwih seko mbokne ojo dadi koyo mbone.	Jangan seperti ibunya.	W2/WL b 1096- 1098
Mbokne ra iso nyangoni duit, isone ing nyangoni kepinteran.	Membekali kepandaian.	W2/WL b 1098- 1100
Nek kepinteran sampai matipun iseh kan dek?	Dibekali kepintaran.	W2/WL b 1114

**VERBATIM WAWANCARA DENGAN INFORMAN
(KEY INFORMAN)**

Nama : WL
 Usia : 39 Tahun
 Alamat : Kutu Asem
 Pekerjaan : Buruh cuci
 Pendidikan : SMP
 Hari/Tanggal Wawancara : Sabtu, 22 November 2014
 Waktu : 16.05 WIB
 Lokasi Wawancara : Rumah Informan
 Tujuan Wawancara : Menggali Informasi Kehidupan Informan WL
 Wawancara Ke- : 3
 Kode Wawancara : WL/W3

Baris	Verbatim	Tema
1	<p>Niku bu ajeng nangledke motivator terbesar, sing memotivasi njenengan ked riyin ngantos sakniki sinten bu? Owh, sing memacu semangat? Nggih.. sing memacu semangat njenengan. <u>Ya anak-anak ku ta deki, yo kan merga anak ta aku nyambut gawe.</u></p>	Kerja karena anak.
10	<p>Niku le memotivasi priipun bu, nopo sanjang nopo priipun? Ya dewe deki, kan istilaha dewe ndue motivasi dewe nek istilaha <u>mbyen aku kerja nek ra merga anak kan wegah. Piye yo deki, istilaha ono semangat lah,</u> tumbuh dewe ra tau tekton-tekton. Tumbuh dewe istilaha. Nek sanese putrane bu, saking ibue njenengan nopo saking saudara? <u>Paling yo ibu barang deki,</u> yo kan ndue anak wedok ming aku tok.</p>	Kerja karena anak.
20	<p>Nek saking ibu'e priipun, nopo sok nyanjangi nopo sok crita kalih ibu. Yo sok ngandani ta deki, <u>koe dadi wong ki rasah mengeluh wes sing semangat nyambut gawe trima wae wong awak'e dewe ra ono.</u> Yo keluh kesaha yo ngandani, kadang yo ngandani ndi sing apik ndi sing ora.</p>	Disemangati ibu.
30	<p>Nek niku bu, kondisi tersulit sing njenengan nate nglampahi niku nopo nggih? Nek sing njenengan ngrasane paling sulit niku. <u>Keadaan sepi ngene ki deki, istilaha ra ndue gawean, ora ono pemasukan, arep golek</u></p>	Jangan mengeluh.
		Sepi pemasukan

40	<p>utangan karo sopo nek wong kaya aku ki. Yo paling ming ngeluh ngono kui tok, sambate, sing disambati kan ra ono nek koyo aku ki nak ra ono. Paling meneng wae, <u>paling ibu ku</u>, paling ming ngopo. Aku ki saiki nyambut gawe rada sepi dek, paling ming sepi sedino rong ndino. <u>Tapi ora kerja sedino ibarate ra ndue duit</u>, yo ndue duit paling ming limang ewu sepuluh ewu thok.</p>	<p>Mengeluh ke ibu.</p> <p>Tidak kerja tidak ada uang</p>
50	<p>Nggih, ibarate harian nggih bu? He'em, sedino olehe kadang yo selawe kadang telung puluh, nek okeh yo kadang iso satus kadang yo sepi sedino ibarate arep masukan limangatus gelo we ra ono dek. Kui, yo kan kadang sepi kadang rame. Yo sopo ngerti ngko seko kampus mu hheehe.</p> <p>Nggih niki, hhe.. nek ibu, krasa niku mboten ta bu, sakniki ngrasa nyaman mboten kalih komunitas mriki, kalih masyarakat mriki ?</p>	
60	<p><u>Yo istilaha nyaman yo digawe nyaman, ora yo digawe nyaman istilaha wes masa bodoh.</u> Hhehhe.. Yo istilaha nek dilokke nyaman yo ora, ora yo nyaman. Ibarate nek koyo aku arep, istilaha yo aku arep tak tinggal kerja wes kabotan aku dek, wes mikir ibu ku wes tua anakku barang. Aku bebane kui dek, umpamane kerja diluar, aku akeh sing nawani dek tapi pikiran mbokku wes tua sopo sing ngopeni, mbok ku anak wedok ming aku bedo ta karo anak cowok. Wes abot, umpamane nek wingi <u>asline aku ki wes bosen dek urip ning kene ki. Kepengen metu aku asline, kepengen urip metu bebas ngono. Asline wes bosen, males aku, yo istilaha nunggu.</u> Yo suk nek wes ndue bojo paling nggeblas aku seko kene, paling ming tilik ibu ku paling seminggu pisan rong minggu pisan, istiahe anakku ra gelem melu yo uwis, gelem melu yo tak gowo ngono.</p>	<p>Dibuat nyaman.</p>
70	<p>Ning rencana ajeng pados sing caket, nggih daerah-daerah mriki nopo ajeng pados sing tebih-tebih bu? Yo istilaha yo aku yo sing luar kota, ya istilaha ming ibarate neng Semarang. Owh, nggih nek Semarang. Nah, Semarang, Solo, sing penting ki ojo ngansi luar Jawa sing luar kota wae ngono.</p>	<p>Bosan disini.</p>

80	<p>Aku wong pingine luar kota wae. Tasih saged dijangkau nek luar kota nggih? He'em, ya Gusti Allah kan muga le ngatur suk bojo ku mbok wong ndue, wong ndue penak. Istilahe ming podho rekasa ngene kan mikir ta? Insya Allah aku golek bojo sing luar kota wae, Semarang, Solo po Klaten sing iso terjangkauah. Kui, hhehhee.</p>	
90	<p>Pados sing terjangkau nggih? Ho'o, istilahe sedino ketug waelah. Nek ibu, nopo nggih nangkepe saking niku peristiwa sing dialami kalih ibu, hikmahe sing saged di pendet kalih njenengan nopo bu? Yo opo <u>hikmahe melahirkan, wong tua kui lho dek. Wong tua ku kan rekasa yo dek,</u> istilahe kan yo.. piye yo.. yo ngono lah, hhehhe..</p>	<p>Berat jadi orangtua.</p>
100	<p><u>Tapi kui istilahe yo nek nemoni ngadepi anak'e loro, ming dewe, istilahe sambate ming karo sing Kuasa. Bungahe aku istilahe sebagai seorang ibu ya ngeri ngono dek melahirkan, yo nglakoni ngono kui nggo pengalaman hidup lah. Yo.. umpamane ono hidayahe, yo istilahe mbiyen sing ngono-ngono kui lek iso ojo tak baleni meneh.</u> Sak ini istilahe golek bojo sing ati-atilah, sing seagama. Ra seagama yo cumleng tenan ngantek koyo ngene ki ta dek, istilahe cuma kebanyakan saiki ming janji-janji tok tapi kenyataane ra ono. Urip rekoso, mangan ro ibu ku, tapi intine yo Gusti Allah ki adil ngono dek. <u>Tapi aku yo mbayangke dek, istilahe ngopo aku urip dewe, nganu dewe po iso dek, istilahe seorang diri, ora ono sing mbantu kiwa tengene.</u> Ndue sedulur, yo mbantu opo ra tau, op yo ra tau. Tenan dek, aku dari.. opo prawan nganti ngene ki satu sedulurku ra ono sing mbantu kok dek,</p>	<p>Untuk pengalaman hidup.</p> <p>Tidak diulangi.</p>
110	<p>jenenge uang sepeser gak ada, istilahe yo mati urip yo golek dewe. <u>Aku sambate paling yo ming karo ibu ku, nek ra iso yo uwis golek dewe iso ra iso.</u> Biaya sekolah pun ra ono sing mbantu kok dek seko anakku nganti bayi nganti sekarang pun ra ono, ra tau mbantu piye-piye. Aku yo alhamdulillah iso nyekolahke, ra ketang ming ketuk SMP po</p>	<p>Seorang diri.</p>
120		<p>Mengeluh pada ibu.</p>

130	<p>liyane aku po iso? Usaha sak liyane aku po iso nglakoni ngene ki. Lek mbayangke wae liyane aku paling do setres, do bunuh diri do aneh-aneh ta? Nek ra kuat mentale nak iyo ta dek? Tak pikir-pikir, tak pikir-pikir nganti seandainya pertama ndue anak iki aku ra ngelingi anakku istilahe langsung mati thek, penak yo? Tapi anak'e karo sopo? Pikirane, hhehee.. yo ra kuat tenan selain aku tenan, tapi untunge dikek'i kuat lah istilahe wong arep ngunekke kluarga ku wes masa bodoh. <u>Sampai sekarang dek, sing penting aku masa</u></p>	
140	<p><u>bodoh, sing penting golek pangan, sing penting rak ra njaluk sing penting kui.</u> Jan aku nganti...</p> <p>Njenengan nate nganu mboten bu, istilahe ngrasa nopo nggih pernah ngroso mumet banget ngrasa putus asa ngoteniku mboten bu?</p>	Masa bodoh.
150	<p>Pernah dek, pernah. Istilahe pernah aku stress, pernah aku ming ra tak ketok ke ndak anakku weruh. Mikir aku ra ndue duit sing arep tak jaluki sopo, keluh kesah awakku loro ngene sopo, yo pernah aku dek ngono kui. Mbokne ya ass paling yo ming nangis ta?</p> <p>Kiyambakan nggih?</p>	
160	<p>He'em, yo keseseken nganti krasa keloro-loro kadang sok haah..., kadang sok nyebut Gusti Allah ki ra adil ngopo yo, aku ming dikeki rekasa ibarate ngono kui dek. Pernah aku dek ngrasa putus asa ki pernah, tapi yo tak pikir bolak-balik ass luweh lah aku wes gagal ora semangat, yo ngono kui. Pernah aku ngono kui setres, tapi ora tak ketokke, tak nggo biasa wae. <u>Tau aku ngombe sprite mbek bodrex, tapi yo untunge ra hhehheehee.. saking stresse</u></p>	Menyebut Allah tidak adil Merasa putus asa.
170	<p>hhehee.. sing di sombat-sambati sopo ming ibu ku istilahe wes tua kan beban pikiran kan ono, ngko nek loro malah beban menehhe paling ming tak adepi dewe wae. Pernah aku ngombe sprite mbek bodrex tapi yo istilahe Gusti Allah rung... rung ngijini.</p> <p>Ngijini paringi panjang umur.</p>	Minum sprite dan bodrex.
	<p>Parangi panjang umur, ra ketang mung tele-tele ngono kui duh... hhehhee. Sempet aku ngono kui dek <u>tapi sak iki aku mung wes nggo pengalaman,</u> wes luweh lah. Sempet aku putus asa ngono kui, sakiki wes luweh ngono</p>	Hanya untuk pengalaman.

180	<p>kui. Nek liyane aku yo wes... <u>sing macu semangat yo ming anak-anakku ngonolah dek, istilahe ming ibu ku, ora anakke yo arep sopo.</u> Lha njenengan pas gadhah niku, Inug kala mbiyen niku sedulur-sedulur tanggapane pripun bu? Kan mboten enten sing caket ta? <u>Waah yo, elek-elek kae ta. Ndi sing kon mbuang, ndi sing kon ngekekke uwong, ndi sing kon waahh... mbiyen ki sempet iki ditembung uwong, tapi AN wong'e sugih banget tapi untunge karo ibu ku ra entuk.</u></p>	<p>Anak dan ibu memacu semangat.</p>
190	<p>Anak tunggal sing arep ngepek iki nggone bu HD tapi senengane ngepek anak koyo kisah ku ngono lho tapi yo okeh banget anak'e. Wengi awale arep nggo anak tunggal iki anakku tapi ibuku nggendoli istilahe kan putu ta, anakku pertama ro mbokku sing digendoli. Nek seumpamane ibu ku ra nggendoli, paling iki wes ra ono karo aku. <u>AW barang ki yo ditembung karo mbak PJ kekne anak Kraton yo wong sugih banget, karo mbokku yo gendoli.</u> Kadang aku yo ahh luweh gendoli yo gendoli, <u>aku kan lha aku kan rung siap istilahe kan ijeh cah cilik, hhehhehe.</u></p>	<p>Disuruh membuang.</p> <p>Anak sempat diminta orang.</p>
200	<p>Nggih, kelas tiga SMP nggih? Nggih dereng... Iya durung ngerti dek, durung istilahe kerja ya durung, rung ndue bojo, yo kan mantan bojo ku yo lulusan SMA yo urung mapan tapi kan dek'e ndue opo aktivitas gawe kerajinan kalung kui lho dek. Lha kui, istilahe sak jekke ki durung <u>yo ming pertentangan agama kui lho.</u> Tanggungjawab ki yo ra tanggungjawab, aku ndono yo piye kan kono saiki wes ndue bojo dek, entuk wong Klaten. Mbiyen wes tau ndene bojone, yo niliki iki tapi yo ming pas umur patang tauh po telung taun yo? Iki mbiyen pas cilikane kerep tak jak nang Condongcatur. Lha yo ming kui, nek entuk iki dadi anak'e wong sugih iki, si AW barang dadi wong Kratone. Nek si AW sing nembung kui, mbak.. mbak PJ Gondo kui, dikekne kancane kan kancane ra ndue anak ta, ya anak tunggal yo tunggale ra entuk eneh karo mbokku. Aku nganti ahhh... mumet kae. <u>Mbokku ngomong istilahe mati-urip, rejeki, anak ki yo rejeki openono wae suk nek ra ono</u></p>	<p>Anak sempat diminta orang.</p> <p>Belum siap.</p>
210	<p>220</p>	<p>Pertentangan agama.</p> <p>Anak itu rejeki.</p>

230	<p><u>sing ngrewangi aku, ibu ku ngono. Karo sedulur ku karepe yo ra oleh dek, karepe kon nganu ngene-ngene wah wes kon minggat kon nganu wes werno-werno kae lah. Aku asline yo arep lungo tapi karo mbokku yo digendoli ra entuk, arep lungo-lungo nandi kan aku ra ndue pegangan ta dek, kui. Lek aku istilahe lungo-lungo nekat istilahe mbabu-mbabu kan ijeh payu ta dek? Tenagane. Istilahe anakku disambi opo dijak uwong wes ra masalah ngono kui, terus karo mbokku ra entuk digondeli kon neng kene. Aku asline megawe merantau adoh ra entuk.</u></p>	<p>Disuruh pergi. Tidak boleh pergi.</p>
240	<p>Owh, sing mboten ngangsalke ibuk'e? Ho'o, soale kan mbokku sambat-sambate karo sopo nek bocah loro ngopo-ngopo kan ming aku ta dek, kan anak wedok karo anak lanang kan bedo ta dek. <u>Nek ora ngelingi mbok, wes ket wingi-wingi nggeblas aku dek.</u> Okeh sing do nawani kerjaan, istilahe pembantu ngono kui tapi <u>karo mbokku digendoli, wes mati urip-uripo neng kene, jenenge jodho rejeki ki Gusti Allah, percaya wae jenenge jodho ki mesti ono ming rung wektune kandani ngono karo ibu.</u> Nek ora wes ked wingi aku lunga.</p>	<p>Sudah mau pergi. Jodoh urusan Allah.</p>
250	<p>Ning brarti bu'e njenengan nggih sing mengambil keputusan awal'e? <u>He'em..</u></p> <p>Kan njenengan tasih kelas tiga nggih nopo kalih? Telu, kan pikirane ming gonjang-ganjing gonjang-ganjing kan urung ngerti le ngopeni anak piye tapi kan untunge yo iso aku ki dek, iso banting. <u>Le nyambut gawe istilahe ngko arep tak tinggal ngumbahi paling ngko tak susoni ndikik,</u> jenenge susu ki ra iso tuku kok dek, tenan. Mbiyen jamane urung tau entuk bantuan, mbuh ra ono bantuan opo ora ono bantuan. Nek jenenge istilahe kaya aku kan cah nakal ora entuk ta? Sing entuk kan mesti sing ndue bojo bantuan-bantuan ngono kui ta dek. Istilahe sing kaya sak iki sing entuk bantuan kaya BLT istilahe kan sing ndue bojo-bojo kui ta dek, nek kaya aku ora nikah nak ora pernah ta dek.</p>	<p>Ibu mengambil keputusan awal. Disusui dahulu.</p>
270	<p>Mboten nate angsal nika ta bu nopo sing kertune kuning? Jamkesda?</p>	

280	<p>Sanes Jamkesda, nek mendhete ten kantor pos niku lho. Opo yo? Kula niku weruh nggene mbah A kertune niku nggih kaya KTP nika warnane kuning nggih kuning-kuning emas, mendhete ten kantor pos. Aku ki ra teu entuk kene ki blas, yo terus terang blas, ked anakku cilik nganti tekan seprene ki seko kampung rung tau. Tak ketogne, liyane entuk bantuan beras ping pisan ki kui thok, beras kupon. Nek duit-duit ki durung pernah, kancane do entuk duit aku blas. Contone kaya mbak PJ kae, njaluk nek wong sing disenengi sing dikek'i, nek kaya aku kan dikiwo, istilahe wong kiwo.</p>	
290	<p>Owh, njenengan nggih mboten angsal beras? Blas, ra entuk blas. Sak niki nggih mboten? Ra, sing entuk paling ming ibu ku thok, limang kilo. Lha aku ki wong penduduk seko kene, rung tau ki entuk bantuan, rung pernah. Paling ming seko pemerintah Jamkesmas, Jamkesda ming kui thok. Jenenge duit ra tau blas. <u>Lha nek seko dukuhe nek koyo aku kan guangan, sing do ketok-ketok kan sing ndue bojo, nek aku kan ra ndue bojo.</u> Nyatane</p>	Seperti warga buangan.
300	<p>kancane kan do entuk duit nek aku kan ra tau, kancane entuk bantuan aku ra tau kok. <u>Tak ketokke paling ming bantuan seko pemerintah kui mau, kui jenenge PKH kui mau.</u> Nek PKH niku kepanjangane nopo ta bu, kula madosi dereng ketemu.</p>	Bantuan dari PKH.
310	<p>Owh, nganu, Program Keluarga Harapan. Aku nek pendak sasi pisan kan kumpulan dek. Mbiyen awal kumpulane nggih disurvei ndisik kaya njenengan ngene kui dek. Lha kui, mbiyen kan pertama sing nganu kan ibu ku terus sing neruske kan aku. Kan aku kan keluargane iseh nggabung ibu ku, kan aku rung iso golek dewe. Tapi suk Insya Allah nek aku ndue bojo kan wes iso ndue dewe. Nek wingi kan aku bola-bali gugur, ming entuk bantuan kui thok kok. Saking PKH niku nggih? Ho'o, paling entuk bantuan rongatus seket, satus seket yo tergantung anak'e kelas piro ta</p>	

<p>320</p> <p>330</p> <p>340</p> <p>350</p> <p>360</p>	<p>dek.</p> <p>Owh, niku bantuan nggeh putrane nopo nggih njenengan? <u>Nggo anak'e dek, nggo mbayar sekolah kui lho dek, yo terserah awak'e dewe sing penting tujuane ki mbantu, nggo tuku buku opo nggo tuku opo luweh.</u> Yo ming kui thok, liyane blas ra tau.</p> <p>Ning niku rutin nggih? Tiga bulan sekali.</p> <p>Tiga bulan sekali mesti, maksude tiga bulan sekali mesti nggih? Ho'o, ho'o.</p> <p>Brati setahun ping sekawan. Lha yo ra ketang ming entuk telungatus, satus seket.</p> <p>Brarti jumlahe mboten pasti, mboten tetep. Kadang yo rutin, kadang yo setaun ping piro ngono lho dek. Pokok'e piro yo, lek SD ki satus seket po satus piro yo lali aku. Pokok'e semacam itulah, pokok'e didelok anak'e kelas piro, SD pokok'e bantuane bedo dek. TK bedo pokok'e opo balita kui sing okeh dewe lah ngono. Balita, SD, SMP. ketuk SMP dek.</p> <p>Owh, ngantos SMP. He'em, ngko SMP yo wes cul ngono. Enek sing memperhatikan kan ono pembimbing'e ngono dek, ono pendampinge ngono. Kui ono.</p> <p>Nek niku tugase pendampinge niku pripun bu, nopo mawon? Yooo, tugas-tugase ngekek'i cerita, ono pengumuman seko penduwur iki iki iki ngono kui dek. Nek kumpulan dikek'i kegiatan opo arisan, mbuh ngopo trus ono kumpulan rapat-rapat ngono lho dek. Nah kui pendampinge...</p> <p>Nggih, pendampinge pripun bu? Pendampinge nak wong Nganti dek, Bu Nanik sopo yo, wah ketok'e bu Nanik wong Nganti dek. Aku kan pendak sesasi pisan kan mesti kumpulan nang Kutu Dukuh.</p> <p>Kutu Dukuh, Kutu Dukuh mriki? Pasar Kutu kui lho dek.</p> <p>Nggih, pasar Kutu terus.. Pasar Kutu cerak sekolahan SD.</p> <p>SD, sak dereng'e nopo? Kene SD nak ono dronjongan ngene, kan istilahe ming penduduk, mbiyen ki kene nggo kumpulan dek. Mbiyen..</p>	<p>Membayar sekolah anak.</p>
--	---	-------------------------------

370	<p>Owh, kalih tiang PKH niku? Ha'a, mbiyen ki ya gantian nggon nek ono acara. Mbiyen ki kene yo kumpulan sesasi pisan tapi opo, do rak menyang nak dadekke siji sisan dek. Mbiyen ki ngono kui, sak Kabupaten kok dek. Wuh, nek kumpul ki wong akeh banget ono wong pirang atus. Kui.</p>	
380	<p>Nike nek kumpul, nopo ngomongke nopo ta bu biasane, ten maksud'e acarane nopo nek kumpul niku? Yo tergantung pengumuman opo, istilaha yo tentang anak'e piye, sok mbolos opo sok ora, perkembangan anak lah terutama. Ngko ono pengumuman seko penduwur barang ki opo ngono lho, istilaha ki opo wong ra ndue nek arep misakke ki ngko nggo Jamkesmas opo opo kan dikandani ta dek, carane ngene-ngene.</p>	
390	<p>Didampingi.. Didampingi, umpamane ngono kui nganu pendamping'e sing moro dek. Kudu pendampinge kudu moro ketug ngomah-ngomah ngekek'i kui, pathak'e sesasi pisan ki kui rutin kumpulan ngko nak ono pengumuman-pengumuman ndak ra ngerti lho dek, kui. Ya ming entuk PKH kui liyane ki tidak ada apa-apane.</p>	
400	<p>Brarti nopo nggih, njenengan sing paling kerep ngumpul-ngumpul nderek kumpulan niku nggih kalih PKH niku nggih bu? He'em, yo kadang menyang kadang ora aku, kadang lek ono gawean kadang, kui kan kumpule jam siji balek jam loro dek mung sak jam.</p>	
410	<p>Owh, namung setunggal jam. Ho'o, yo paling ming ngko nek ono pengumuman opo ngono, lek ora ono yo wes bali, kui.</p> <p>Niku njenengan angsal undangan nopo pripun bu nek pas... Ora, wes rutin dek tiap satu bulan sekali harus kumpulan.</p> <p>Maksud'e kan tanggale, tanggale sami nop.... Tanggal 8, umpamane tanggal 8 abang ngko njuk diganti tanggal 9. Tiap tanggal 8 kok dek, mesti sesasi pisan aku kumpulan.</p>	

420	<p>Tempate nggih mpun ten mrika? Uwis, wes mathuk ngono lho, wes manggon. Ketuk sopo yo AW kelas yo Inug barang ki yo entuk bantuan ning bantuane wes ucul kui.</p> <p>SMP mpun lulus nggih, Anakku yo seumpamane SMA barang gelem do dibantu kok dek, dilebokke nang jurusan opo. Iki dibantu rak gelem kok, jurusan opo elektronik po opo, pokok'e keterampilan opo..</p> <p>Sing diminati niku nggih? He'em, iki ra gelem mondok soal'e.</p> <p>Owh, mondok. Berapa taun yo AN yo? Kae, tapi ra betah dek. Mbiyen kan Brama yo di bantu dek.</p>	
430	<p>Brama nggene mbak Wis nika nopo? Nggone Lintang kae lho.</p> <p>Owh, Abram. Ha'a, kae yo mbiyen pernah dibantu ta? Kae yo adine yo entuk bantuan ta dek kae. Kae kan sok bareng aku, sok dewe, yo nang kantor pos kui, kantor pos Mlati kui lho dek. Iyo, telung sasi pisan.</p>	
440	<p>Nek sanese niku bu, pas ngumpul-ngumpul niku kan njenengan ngumpule kalih keluarga PKH nggih bu, niku wonten mboten sing diobrolke njenengan niku nopo? Maksud tema-temane niku biasane nopo bu? Nek wau kan perkembangan putrane. He'em, yo kui yo keterampilan gawe opo ngono lho dek, kerajinan opo-opo kui.</p>	
450	<p>Owh, kalih pelatihan ngeteniku? He'em. Kan istilah nek ngumpul kan ben ono kemajuane, ora kumpul-kumpul thok ngono lho. Yo ono arisan yo ono kui opo sing arep di nganu istilaha kegiatan, kan ngko diajari gawe opo. Kan kui tujuane ming mbantu wong tidak mampu ngono lho dek, ben anak'e do semangat.</p>	
460	<p>Dadi mung nggeh memberdayakan, maksud'e kan nggih diparingi pelatihan. Biasane kannak bantuan nggih namung dibantu terus dicul ngeten ta? He'em. Ora kui dek, ono opo-opo yo istilaha yo tanggungjawab ngono lah, perkembangan anak'e piye tekoni, yo istilaha awak dewe kerjasama ngono lah. Kui jane yo ming mbantu anak sekolah sing tidak mampu kui</p>	

470	<p>lho dek, pertama ngonon kui. Kui umpamane wes mampu yo dicul ke dek.</p> <p>Owh, niku berarti nopo istilaha dikontrol nggih bu?</p> <p>Yo di kontrol, ho'o. Umpamane lek ra anak'e ra mbolos yo keno poin dek, kan sakiki cah sekolah do keno poin ta dek? Kui yo istilaha ibune yo kudu tanggungjawab, ora istilaha ming keki bantuan ming masa bodoh kan rak yo kerjasama ben semangat ngono kui.</p> <p>Dados bantuane niku malah sae nggih, langsung saking pusat?</p> <p>Langsung seko pusat dek, ora ming langsung dibantu bantu thok terus duite metu uwis cul, ora.</p>	
480	<p>BLT kan nggih namung ngeteniku.</p> <p>Ho'o, ming entuk duit cul uwis, terus ngko diganti uwong meneh, nek iki ora. Istilaha iki mbantu ora ming mbantu istilaha ming entuk duit mbuh wong'e ndue po ora kan ra ngerti dek. Disurvey kan ngerti keadaan asline koyo ngopo, sing dibantu kan bener-bener wong ndue opo wong nah, ngerti kehidupane, ngerti keadaan rumah'e kan ngerti bener, kan BLT kan iso salah saluran barang ta, sing ra ndue malah ra entuk bantuan kui barang ta</p>	
490	<p>dek? BLT nak wes tau malah salah sasaran.</p> <p>Mboten wes tau malah kerep, hhehhee..</p> <p>Lha iyo, sing membutuh-butuhkan tenan malah ra entuk, hhehheee.. yo kui y tergantung istilaha Dukuh'e barang ta sing ngerti keadaan'e asline kan Dukuh'e ta dek? Iyo, nek umpamane dukuhe ora nganu kan ora iso ta dek nganu-nganu.</p>	
500	<p>Nggih, nek mriki kan saking Dukuh.</p> <p>Kan Dukuh'e ngerti masyarakat kene.</p> <p>RT, RW, Dukuh.</p> <p>He'em, iyo. Sing nganu kan kui ta dek, sing ngerti asli kehidupan masyarakat kene. <u>Aku kan ya Allah urip ku koyo ngene kok blas rung tau entuk bantuan opo-opo blas, aku makane arep golek surat-surat opo ki ahh males. Kan ngerti dewe, ahh koe ki rung keluarga arep golek opo ngono kui, mbok yo ben.</u></p>	Malas mengurus surat.
510	<p>Njenengan nate ngurus surat nopo ta bu?</p> <p>Aku ra tau ngurus surat-surat opo-opo dek, istilaha ming golek KTP, nek bantu-bantuan</p>	

520	<p>nek anak rung tau blas. Wegah aku, rumit ta dek syarate kon ndono-ndono-ndono rung mesti entuk. Aku rung tau jenenge entuk bantuan keringanan po golek, nak liyane aku istilahe mbayar sakyuta ahh mbok ngko golek keringanan ngene ngko RT, RW, Kecamatan, Kelurahan ngene-ngene ass luweh rung mesti karuan entuk mbok uwis. Kadang aku ngono kui, rung tau blas aku dek, jamane cilik'ane Inug keringanan urung pernah aku golek bantuan aku nganti seprene, wegah. <u>Iso ra iso tak adepi, tak bayar dewe</u>, kui wae tak cicil-cicil istilahe sak juta ya tak cicil setaun yo sak kuat ku, ndue duit rongatus tak cicilke ndue duit satus tak cicilke sing penting yo alhamdulillah lunas. Rung tau aku golek bantuan-bantuan, keringanan rung tau blas, wegah.</p>	Dihadapi sendiri.
